ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№155 (23.969) ● 2019 гъэм дыгъэгъаз (декабрым) и 28, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Къэрал Советым и зэІущІэм хэтащ

Урысейм и Президент Путин Владимир дыгъэгъазэм и 26-м Кремлым щригъэкІуэкІащ Къэрал Советым и зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ къэралым и аграрнэ политикэм, мэкъумэш Іэнатіэм къыщалэжь хъерым хэгъэхъуэным, къуажэхэм зегъэужьыным. Зэ1ущ1эм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ПУТИН Владимир къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхукІащ агропромышленнэ комплексым псынщІэу зэрызиужьыр. МэкъумэшхэкІыу кърахьэлІэм хэхъуащ, зэи хэмыздэжу бэгъуащ фошыгъу жэгундэр, сэхураныр, соер, гъавзхэкІ къэкІыгъэхэр. Урысейм ерыскъым и лъэныкъуэкІэ шынагъуэ къытемыгъэхьэнымкІэ доктринэм къыщыгъэлъэгъуэ бжыгъэхэм щхьэпрыкІащ мэкъумэш Іэнатіэм хиубыдэу кьалэжь и языныкъуэ ерыскъыпхъэхэр. Мэкъумэш продукцэу нэгъуэщІ къэралхэм щащэм мы гъэм доллар мелард 24-рэ и уасэ щыгъункІэ хъунущ.

Абыхэм кьадэкІуэу Президентым жиІащ Іуэху нэхъыщхьэр - къуажэдэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ кьалэныр нэгъэсауэ гъэзэщІа мыхъумэ, мы Іэнатіэм тэмэму адэжи зэрызимыужьынур, Іэщіагъэлі ныбжьыщІэхэри къуажэхэм лэжьакІуэ зэрымыкІуэнур. Сыт щыгъуи хуэдэу, кьуажэ щІынальэхэр иджыри я социальнэ щытыкІэмкІэ, псэукІэм и лъэныкъуэкІэ щыІэ тыншыпІэхэмкІэ, инфраструктурэм зэрызиужьамкІэ къыкІэроху.

Гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщщ медицинэм и пэублэ Іэнатіэм тэмэму зэрызимыужьар икІи ар егъэфІэкІуэным адэжи мылъкушхуэ хухахыну я мурадщ. Федерацэм и субъектхэм дызыхъэкІуэ илъэсым бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу къужаждэсхэр зыщІэупщІэхэр къыщилъыта щІыналъэ программэхэр гъэхьэзырын яухын, район сымаджэщхэм, поликлиникэхэм, фельдшер-акушер пунктхэм я унэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжьынымкІэ ахэр Іэщіагъэлі хэмрэ зыхуэфащэ медицинэ Іэмэпсымэхэмкіэ къыззгъэпэщынымкІэ Іуэху пыуыкІыхэр яубзыхун хуейщ.

Республикэм и Іэтащхьэм апхуэдэу къиІэтащ мэкъумэшыщІэхэм къаІэрыхьэ хэхъуэр нэхъыбэ щІынымкІэ, мэкъумэш техникэ къыщІэзыгъэкІ Іуэхущіапіэхэм субсидиехэр етынымкІэ, фермерхэрэ мэкъумэш кооперативхэмрэ къагъэсэбэп электрокъарум и уасэм кІэрыгъэхуныкІэ зэфІагъэкІыпхъэу кьилъытэхэр.

Зэ1ущ1эм щыхэплъэжащ «Къуажэ щІыналъэхэм комплекснэу зегъэужьынымкІэ» къэрал программэр гъэзэщІэным къриІуа ятэ Іуэхуэр. Абы къыщыпльытащ къуажэдэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным къыдэкІуэу нэгъуэщІ кьалэн пыухыкІакъэр. Программэр гъэзэщІэнымкІэ лэжьыгъэшхуэ кьабгъэдохуэ ешы щІынальэхэм щыпсэу цІыхухэм, муниципалитетхэм, бизнесым.

Доклад нэхъыщхьэхэр Къэрал Советым и зэІущІэм щащІащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Патрушев Дмитрий**, Алтай крайм и губернатор **Тоненкэ Виктор** сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Хьэрычэтыщ1эхэр даІыгъ

КъБР-м и Правительствэм и унэм дыгъуасэ щекІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэм дэж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советымрэ Экспортымкіэ советымрэ зэгъэсэу къызэрагъэпэща зэІущІэр.

АР КЪЫЗЭІУИХАЩ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**. Зэ1ущ1эм и пэщІдэхэм, абы жиІащ Советитіыр зэгъэсэу щІыпІэдэлажьэм и щхьэусыгъуэр я кьалэнхэр зэрызэщхьыр зэрыарар, тІури хьэрычэт жэрдэмым зегъэужьыным, инвестицэ жыджэрагъыр егъэфІэкІуэным хуэлажьэкІэрэ экономикэр ипэкІэ зэрагъэкІуатэр.

- Кьыхэгъэщыпхъэщ ди республикэм хьэрычэт Іуэхум зыщижьынымкІэ Іэмал псори зэрыщыІэр, хьэрычэт Іуэху иныжкІи щыІэ кІуэкІмкІи къэрал дэІепыкъуныгъэхэр и чэзум зэрагъэутыр, - жиІащ КІуэкІуэм. - «Кавказ Ищхъэр федеральнэ щІыналъэм зегъэужьын» УФ-м и къэрал программэм ипкъ иткІэ, инвестицэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр пхагъэкІ. Ауэ дяпэкІи ар едгъэфІэкІуэн папщІэ хэпщІыкІыу щІэгъэхуэбжьэн хуейщ бизнесымрэ къэрал властымрэ зэрызэдэлажьэр.

КІуэкІуэм къызэрихгъэщ1ащ1э, УФ-м и Президент Путин Владимир ищІа унафэм тету хохъуэ республикэм къыщалэжьауэ нэгъуэщІ республикэхэм, къэралхэм ирагъэшэфым. Республикэм щагъэзащІэ «Международнэ кооперация и экспорт» лъэпкъ проектым хыхьэ щІыналъэ проектуплы. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри къэралым диІыгъщ. «Зэрыжьісащи, бизнесымрэ властымрэ зэуІуу зэдэмылажьэмэ, дызыхуей мардэм дынэсыфынукъым», - тригъэныныхьащ республикэ унафэщІым.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** тепсэлъыхьащ 2020 гъэм Урысей Федерацэм и хэгъэгухэм я инвестицэ щытыкІэр зыхуэдэр кьахутэн папщІэ Льэпкъ рейтинг къэралым зэрыщкІуэкІынум, абы зыхуей хуэзэу зыхуэгъэхьэзырын зэрыхуейм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм и корпорацэ» АО-м и генеральнэ унафэщІ ЧочаевАхъмэт тепсэлъыхьащ «Кавказ Ищхъэр федеральнэ щІыналъэм и зыужьыныгъэ» къэрал программэм хагъэхьэну хуейуэ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхущіапіэхэм я министерствэм иригъэхьа инвестицэ проектхэм.

Бэкдыгъум зэрыжиІамкІэ, ахэр 6 мэхъу, псори зэгъусэу кьапщтэмэ, сом мелард 1-рэ мелуан 207-рэ текІуэдэнущ, абыхэм ящыщу сом мелуан 505-р федеральнэ бюджетым хухихынущ, сом мелуан 702-р инвестицэ проектым и жэрдэмщІакІуэм хилъхьэнущ. Проектхэр зыхуэдэр, абыхэм ящыщ дэтхэнэми текІуэдэну ахъшэр, щаухъуэ щІыпІэр, хьэзыр щыхъуну зэманыр, халъхьэр къыщыхахыжыну илъэс бжыгъэр зэпкърыхауэ къызэхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ Бэкдыгъум.

Зэ1ущ1эм щытепсэлъыхьащ «Международнэ кооперация и экспорт» лъэпкъ проектымрэ «Экспорт продукции АПК» щІыналъэ проектымрэ.

Рахаевым къыхигъэщащ экспортым епха проекти 4 нобэкІэ республикэм зэрыщагъэзащІэр, Урысей Федерацэр зыдэлажьэ къэрал 56-м ящыщу, ди республикэм къыщыщІагъэкІэр къэрал 29-м зэрырагъашэр. 2019 гъэм нэхъыбэу ди продукцэр здашахэм ящыщу СНГ-р хыхьэ къэралхэр, Арменер, Къэзахстаныр, Узбекистаныр, Къыргъызыр, Азербайджаныр, Украинэр, нэгъуэщІхэри.

«КъБР-м хьэрычэтыщІэ Іуэхур дэІыгъыныкІэ и центр» щІалъэ фондым и унафэщІ **Къайсын Залым** и гугъу ищІащ КъБР-м и щыщыщІагъэкІэр хамэ къэралхэм ещэнымкІэ щІыналъэ центрым иригъэкІуэкІа лэжьыгъэмрэ 2020 гъэм зыхуэгъэувыжа къалэнхэмрэ. Абы къыхигъащІащ ди республикэм и хьэрычэтыщІэхэр дэлэжьэну зэгурыІуэныгъэ зрашІылІа къэралхэр, хьэрычэтыщІэ Іуэхущіапіэ Іэщіагъэлі зыхэта зэІущІэхэр, зыпэрыт Іуэхур ирагъэфІэкІуэнымкІэ, нэхъри зрагъэужьынымкІэ ящІэхэм, дызытехьэ илъэсищІэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуащІынухэм.

Зэ1ущ1эм и кІэухым зэдзлэжьа советитІыр 2020 гъэм зэрылэжьэну планыр къащтащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІэныгъэмрэ техникэмкІэ и къэрал саугъэтхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дэж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІэныгъэмрэ техникэмкІэ и къэрал саугъэтхэмкІэ щыІэ советым къыхилъхьахэм сыхэпльауэ, **унафэ щІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІэныгъэмрэ техникэмкІэ и къэрал саугъэтыр етын икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІэныгъэмрэ техникэмкІэ и къэрал саугъэтым и лауреат цІэр яфІэщын:

Апажэ Аслъэн Къэралбий и къуэм, техникэ щІэныгъэхэм я докторым, «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущіапіэм щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ и проректорым, - супер конструкцэ полимерыщІэхэмрэ 3D - печатым и технологиехэмрэ къызэригупсысам папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м
№143-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэмрэ гъуэзджэмкІэ и къэрал саугъэтхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дэж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэмрэ гъуэзджэмкІэ и къэрал саугъэтхэмкІэ щыІэ советым къыхилъхьахэм сыхэпльауэ, **унафэ щІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэмрэ гъуэзджэмкІэ и къэрал саугъэтхэр етын икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Литературэмрэ гъуэзджэмкІэ и къэрал саугъэтым и лауреат цІэ лъапІэр яфІэщын:

Зумакуловэ Танзиля Мустэфа и пхъум, усакІуэм, - лъэпкъ литературэм зегъэужьынымкІэ зэфІигъэкІахэм папщІэ;

Котляров Виктор Николай и къуэм, Котляровэ Марие Абрам и пхъум, тхакІуэхэм, публицистхэм, тхыльэ тедзакІуэхэм, - литературэм зегъэужьынымкІэ зэфІагъэкІахэм папщІэ;

Кофман Дмитрий Марк и къуэм, Сэралъп Самарэ Борис и пхъум, Токъмакъ Светланэ Адмир и пхъум, Тхьэгъэзит Руслан Іэуес и къуэм, Хьэдыкіу Мартин Владимир и къуэм, Щоджэн Евгений Тіалэ и къуэм, кинодокументалистхэм, - этношэнхабзэмрэ документальнэ кинофильмхэм я зегъэужьынымкІэ зэфІагъэкІахэм папщІэ;

Тхьэгъэзит Зубер Мухьэмэд и къуэм, усакІуэм, - лъэпкъ литературэм зегъэужьынымкІэ зэфІигъэкІахэм папщІэ;

Фырэ Руслан Борис и къуэм, режиссёрым, Щоджэнщіыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщІым - театр гъуэзджэм зегъэужьынымкІэ зэфІигъэкІахэм папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м
№144-УГ

Псом япэ нэсхэр

КІуэкІуэ К. В. Урысейм и Къегъэлакіуэм и махуэмкІэ ехъуэхъуащ МЧС-м и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Урысейм и Къегъэлакіуэм и махуэмкІэ ехъуэхъуащ УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэмрэ абы и Іуэхущіапіэхэмрэ я лэжьакІуэхэм, ветеранхэм, къегъэлакІуэхэм. Хъуэхъум итщ:

«НОБЭ Урысей Федерацэм и Къегъэлакіуэм и махуэр ягъэлъапІэ.

ЦІыхухэр къегъэлыныр зэуэфлыныгъэшхуэрэ пщІэрэ зыпылъ кьалэн гугъущ. Абы ехъулІэн папщІэ лэжьакІуэр щхьэмыгъазэу, хахуэу, зэщІэкъуауэ, тегушхуэныгъэ хэлъу щытын хуейщ.

Жэщми махуэми къегъэлакІуэхэр къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмрэ шынагъуэхэмрэ псынщІэу яподжэж, тегушхуауэ, езыхэм я гъащІэм шынагъуэ къызэрытехьэри къамылъытэу, гуэзвэгъуэ хэхуам и деж псом япэ нос.

А Іэщіагъэм ирилажьэжм я махуэшхуэмкІэ си гуапэу сохъуэхъу къегъэлакІуэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ, Урысейм и МЧС-м и лэжьакІуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэхэм! Фіыщіэ ин яхуэзощ щыхьышхуэ зыпылъ а Іуэхум зи гъащІэр хуэзыгъасхэм. Щхьэмыгъазэу фызэзрылажьэм, Іэнатіэм ерыщу фызэзрыпэрытым, къулыкъум фызэзрыхуэпэжьм папщІэ берычэт бесым бжьыоІэ.

Узыншагъэ быдэ, ехъулІэныгъэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну, фІыгъуэ псори къывэхъулІэну си гуапэщ!»

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэхэр КъБР-м щохьэщІэ

КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм щахуэзащ федеральнэ медицинэ центрхэм я Іэщіагъэлі пашэхэм: дуней псом щыщІэрыІуэ нейрохирург, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и академик, профессор, Склифосовский Н. В. и цІэр зезыхьэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым нейрохирургие дэІепыкъуэгъу псынщІэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Лукьянчиков Виктор, Евдокимов А. И. и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал медико-санитарнэ университетым и клиникэм и медицинэ центрым и травматолог-ортопед Сычевский Михаил сымэ.

ЗЭ1УЩ1ЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ортопедиемкІэ иджырей Іуэхущіапіэ къыщызэгъэпэщыным, нейрохирургием и ехъулІэныгъэхэр ди медицинэ Іэнатіэхэм къыщыгъэсэбэпыным, нэгъуэщІхэми.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщхьэхукІащ Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ УФ-м Узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министерствэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм тету республикэм и Іэщіагъэлі щІалэхэр ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуэ Іэщіагъэхэм хуэгъэсэныр федеральнэ центрхэм тэмэму къыззэрагъэпэщар. Ар ди щІыналъэм медицинэмкІэ и Іэнатіэр егъэфІэкІуэнымкІэ сэбэпышхуэ хъунущ.

КІуэкІуэ Казбек Сычевский Михаилрэ Лукьянчиков Викторрэ КъБР-м и щыхьэ тхьылъхэр яритащ икІи узыншагъэр хъумэныжмкІэ Іэнатіэм зегъэужьыным, щыхьэхэр уз хьэлъэхэм кьегъэлыным емыязэщыжу зэрелэжьым папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

Федеральнэ медицинэ Іуэхущіапіэхэм я Іэщіагъэлі хэм жаІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хирургхэм зэфІэкІышхуэ зэрабгъэдэлъыр, я Іэщіагъэм зэрыхуэІэзэр ирилъхьащ республикэм и унафэщІхэм фІыщІэ къыхуащІащ узыншагъэр хъумэным пыщІа Іуэхухэм я нэІэ зэрытрагъэтым папщІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

ЩІыналъэм и цІыху пажэхэр

● КъБР-м и Парламентым

Хабзэ дахэ хъуауэ, КъБР-м и Парламентым илъэсыщІэм ирихьэлІэу егъэлъапІэ республикэм и цІыхухэр. Мы гъэми абы и щІыхь, фІыщІэ тхьылъэр хуагъэфэщащ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъэхэм псэемыблэжу щылажьэ цІыху 40-м щІигъэм.

ЩІЫНАЛЪЭМ и хабзэубзыхь Іуэхущіапіэм къарагъэблагъахэм защІыхуигъаззэм, абы и унафащІ **Егоровэ Татьянэ** жиІащ илъэсым зэфІагъэкІахэр къыщыпщытэж пІалъэр къызэрысар икІи и гуапэу республикэм и экономикэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми ехъулІэныгъэхэр къыщызыхьахэм зэрагуащІэр.

- Фи Іуэху бгъэдыхьэкІэм нэрылъагъу тщещІ зи Іэщіагъэр фІыуэ зыпылъагъу щІыхум куэд къызэрихулІэр. Уеблэмэ, фэ фхуэдэ лэжьакІуэхэращ щІыналъэр езыгъэфІакІуэр, щІэблэм щапхъэ яхуэхъур. Абы папщІэ сыхуейщ КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къабгъэдэкІыу фІыщІэ фхуэсщІыну. Жэуаплныгъэ фхэлъу фи Іэнатіэм фызэрыпэрытым хуэдэу адэкІи ефхьэкІыну дыныбехуэхъу. Мыпхуэдэу дгъэлъапІэхэр илъэс къэс куэду диІэну ди гуапэщ - жиІащ Егоровэм.

КъБР-м и Парламентым и щІыхь тхылъхэр Егоровэ Татьянэ яритащ республикэм и экономикэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ политикэм, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм, жылагъуэ Іуэхум, журналистикэм, спортым хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІахэм. Абыхэм ящыщ КъБР-м финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Лисун Еленэ, Медицинэ-консультативно-дианостикэ центрым и лэжьакІуэхэу дохутыр-кардиолог Залихановэ Эльвирэ, паллиативнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ дохутыр Къуйий Щ1ыкІу Мадинэ, Сабий унэм и дохутыр нэхъыщхьэ Кърымыкъуэ Маритэ, Къалэн куэд щагъэзащІэ район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ ХьэщІэлІ Фатіимэ, КъБКЪУ-м ветеринарие медицинэмкІэ и кафедрэм и доцент Мэш Эдуард, «Нюр» журналым и редактор нэхъыщхьэ Сабанчиевэ Арипа, «Баксанский вестник» газетым жэуап зыхь и секретарь Василенкэ Татьянэ.

Апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и Фіыщіэ тхылъыр ираташ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ лэжьыгъэм, гъэсныпхъэ-энергетикэ Іуэхущіапіэм зегъэужьыным, жылагъуэ Іуэхум жыдэкъу хэт цІыху зыбжанэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэ» программэм ипкъ иткІэ псынщІэу лажьэ интернетымкІэ къыззрагъэпэщащ социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэхущіапіэу КъБР-м щыІэхэр

«Бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэ» лъэпкъ программэм хиубыдэ «Информацэм и инфраструктурэ» федеральнэ проектым тету Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэхущіапіэхэр псынщІэу лажьэ интернеткІэ къыззэгъэпэщыным хуэгъэзауэ.

КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Ащхъуэт Исльам зэрыжиІамкІэ, 2021 гъэр иухыху апхуэдэ интернеткІэ связым и Іуэхущіапіэу 89-рэ къызэрагъэпэщыщу, социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэхущіапіэу 172-м къагъэсэбэп интернетхэр ирагъэфІэкІуэнущ. Дызэрыт илъэсым псынщІэу лажьэ интернеткІэ школ 40, фельдшер-акушер пункту 4, мафІэсгъэункІыфІ Іуэхущіапіэхэм ящыщ зы къызэрагъэпэщащ.

Лэжьыгъэр езыгъэкІуэкІыну подрядчикхэр аукционым къыщыхахащ икІи абы и фІыгъэкІэ контрактхэм я пэублэ уасэхэр ягъэмэщІэн яхуэзэфІэкІащ.

Мы программэм ипкъ иткІэ псынщІэу лажьэ интернетым зыщІиубгъунущ республикэм и кьуажэ нэхъ пхыдзахэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● ЗэІущІэхэр

ДызыгъэпІейтей Іуэхухэм топсэлъыхь

Правительствэм ди хэкуэгъуэхэм я Іуэхухэмкіэ и комиссэм и зи чэзу зэІущІэ дыгъэгъазэм и 27-м Налшык щекІуэкІащ. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Хъубий Марат.

ХАМЭ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъуэхэмрэ адэжь лъахэм кьэзыгъэзэжа ди лъэпкъзгъуэмрэ драгъэкІуэкІ лэжьыгъэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьанысгъэхэм ядалэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Кіурашин Анзор**. Ар щхьэхуэу зыкІетуеныІащ КъБР-м кьэзыгъэзэжа ди хэкуэгъуэхэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зыхуэдэм, хамэ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу ди лъэпкъзгъуэхэм я щІэблэр республикэм гъэ хэсс кьрагъэблагъэурэ тхьэмахуэ-тхьэмахуитІ зэрыщагъэІэм, бзэр зэзыгъэщІэну хуейхэм егъэджакІуэхэр зэрыдагъэлажьэм, нэгъуэщІхэми.

Дуней псом щызэбгрыпхъа адыгэхэм нобэ я Іуэху зыІутым, ахэр адэжь щІыналъэм кьызэрыпыщІам зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъуурокъуэ Хьэутий**. Ар зи унафащІ Хасэшхуэм и пащэ кьыдэхуэ кьалэнхэр, нобэкІэ а псори гъэзэщІа зэрыхъур, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэхуакІ дэлъ зэпыщІэныгъэмрэ зыхэт гугъуехьхэмрэ кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьрихьащ абы.

Ди республикэм зэман кІэщІкІэ кьакІуэхэм, пІалъэкІэ щыІэну хьикъэхэм, щыпсэуну кьызэрыгъэзэжхэм я Іуэхукіэ кьэпсэльащ КъБР-м и МВД-м ІэпхъуэшапхъуэхэмкІэ и управленэм Гражданствэ Іуэхухэмкіэ и кьудамэм и унафэщІ **Беппаев Мурат**. Пэскэн щІыналъэм и администрацэм и унафэщІым и кьуэдзэ **АфІэунэ Мухьэдин** кьэІэпхъуэжауэ адыгэ жылагъэм дэс ди пащхьэгъуэхэм я Іуэху зытетым, я гуныкъуэгъуэхэм я гугъу ищІащ.

Кьызэхуэсахэм жаІахэм теухуауэ дяпэкІэ Іуэхухэр зэрызэфІахыну, зэрызэдэлэжьэу щІыкІэхэмкІэ зэгурыІуащ.

ШЫПШ Даянэ.

● Илъэсыщ1э тыгъэ

Махуэшхуэр къоблагъэ

Илъэсыщ1эм ирихьэл1эу, КъБР-м и Парламентым зэхыхьэ гукъинэж къахуэгъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школ-интернатхэм щы1э сабийхэм.

- КЪОБЛАГЪЭ ц1ыкIури инри зыпэплъэ, псоми фIыуэ ял1агъу махуэшхуэр - Илъэсыщ1ар! 2019 гъэм дэ мыззэ-мытI9у дыззхуэзащ. Тпъэгъуащ икIи дгъэщ1эгъащ фи зэфI9кIхэмрэ зэчиймрэ. ИкъукI9 гукъинэж тщыхъуащ дыгъэпсэгъуэ театр теплъэгъуэхэр, - яжриIащ КъБР-м и Музыкэ театрым къыщыззхуащэса ныбжьыщ1эхэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**. - Иджы, Илъэсыщ1эр къыщыблагъэм, дэри дыхуейт апхуэдэ зы тыгъэ фхуэтщ1ыну - КъБР-м и Музыкэ театрым и артистхэм яг1уува зы спектаклI9 фи нэгу зедгъэужыну. Хэти щыгъуаззщ «Золушка» псысэм, хэти ар нобэ я1пу ильэгъуну арагъэнщ. Т1ум щыгъуэми, си фIэщ мэхъу артистхэм псысэм фызэрыхашэфынур.

КъБР-м и Парламентым и депутат псори къывохъуэхъу Илъэсыщ1эмкI9. Ар пIалъэ тельыджэщ, зэрыжысIауэ, сабийми балигъми я хъуэпсапI9эхэр къайхъулI9ну ягу щрагъыдзэ зэманщ. Араущ, дыхуейщ дэтхэнэми узыншагъэрэ ехъулI9ныгъэрэ абы къыфхудэкIуэну, 2020 гъэм фызэрыгушхуэн Iэхъугъэ, гуапагъэ куэд фи нэгу щ1экIыну.

Ныбжьыщ1эхэр «Золушка» спектаклым епIъа нэужь, сурэт зэгъусэу зытрагъэхащ.

КъБР-м и Парламентым игъэхъэзыра тыгъэкэр хурагъэшащ школ-интернат №1-м, №3-м, школ-интернат щхьэхуэ (коррекционнэ) №2-мрэ №3-мрэ, Сабий зеинш9-хэмрэ адэ-анэ зыщ1эсыщмытыжхэмрэ я школ-интернат №95-м, абы и къудамэу Зеикъуэ къуажэм дэтым, Балигъ ныбжьым нэмысхэм я узынш1агъэр щрагъэфI9кIуэж «Нэмыс» республикэ Iэхъущ1апI9м, Сабий-ныбжьыщ1э спорт адаптивнэ школым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Къэрал Iуэхущ1апI9хэм

Щ1ыхуэ птелъмэ зэгъащ1э!

Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ хъулыкъуэм и управленэу (УФССП) КъБР-м щыIэм иригъэкIуэкIащ «Птелъмэ зэгъащ1э!» хьыбар Iэхъу. Ар теухуат Урысей ФССП-м «Банк данных исполнительных производств» и электроннэ Iэмалэр къэбгъэсэбэну щ1ыхуэ птелъмэ къищ1эным, ар упльныныж зэрыхъуным. Банк кассэхэмкIэ ахъшэ хэзылъхьэхэм ираташ псори къыщыгъэлъэгъуэ квитанцэхэр. Къищынэмыщ1ауэ, ц1ыхуэхэм ящ1ыхуэ Урысей Федерацэм икI хъун-мыхъуным теухуа хьыбар.

УПРАВЛЕНЭМ щызэхэта пресс-конференцым УФССП-м и унафэщ1 - суд пристав нэхъыщхьэ **Бауаев Ахьмэт** зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм, электроннэ Iэмалхэр зэрытынымрэ, ахэр къызэрыбгъэсэпэным. Къытеувыдащ Илъэсыщ1э мазхэшхуэхэм ц1ыху куэдым Урысей Федерацэм икIыу загъэпсэхуну зэрытраухэр икIи я мурад дахэр къызэпамыудын пащ1э Iэмал имы1эу щ1ыхуэ зытелъхэм и чэзум япшынын зэрыхуэйм. Кърагъэблагъэ СМИ-м и лыкIуэхэм ирагъэльэгъуащ «Банк данных исполнительных производств» электроннэ сервисыр.

Iэхъухэр щрагъэкIуэкIащ Налшык къалэм и сату щ1апIэхэм, гъущ1 гъуэгу, автомобиль вокзалхэм. Гупыж зыщ1 дэтхэнэми Iэмал иIащ щ1ыхуэ тельмэ къыщ1эну икIи ипшыныну. Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу (УФССП) КъБР-м щыIэм ц1ыхуэхэм чэнджэщ ярет Илъэсыщ1э махуэшхуэхэм тэмэму загъэпсэхун папщ1э езыхэм, я Iыхьлыхэм щ1ыхуэ ятелъмэ управленэм и сайтым (r07.fssprus.ru) къыщаIыну «Банк данных исполнительных производств» сервисыр къагъэсэбэну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Гу зылъытапхъэ

Пенсионерхэм папщ1э

Урысейм и Пенсэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1э къудамэм республикэм и пенсионерхэм хьыбар ярегъащ1э пенсэхэр, пособиехэр, къэралыр ц1ыхуэхэм зэрадэIэпыкъу ахъшэр яг1эува пIалъэм тету зэрадэIэпыкъунымкI9.

ПЕНСЭХЭР Урысей пощтым и къудамэхэм къызецэыхуэхэм е унэм хуахьу зратхэм ахъшэр я1эрыхьэнущ 2020 гъэм щ1ышылэм и 3-м щыщ1эдзауэ.

Кредит Iэхъущ1апI9хэм пенсэхэр ятынущ пIалъэ гъэбелджылам тету.

УАРДЭ Жантинэ.

Зэпсэлъэныгъэ щхьэпэ

● Лъэпкъ Iуэху

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд дыгъэгъазэм и 24-м Правительствэм и Унэм щ1ыхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ К1уэкIуэ Казбек.

ХЬЭФЫЩ1ЭМ къиIэта упщ1эхэр теухуауэ щытащ лъэпкъ газетымрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ я Iуэху зэрыдзэкIым. Абы къыхиригъэщащ «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэр къыдэкIын зэрыщ1адзэрэ 2019 гъэм ильэс 95-рэ зэрырикъуар республикэм зэрыщамыгъэльэпIар икIи абы гулъытэ хуэщ1ыпхъэу къызэрилъытэр. Апхуэдэуи «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» лъэпкъ газетхэм я номер зэхэтхэр къыдагъэкI зэрыхьурэ ильэс 30 ирокIу. Ари гупымтэ зыхуэщ1ыпхъэ, лъэпкъ, щ1ыналъэ зэкъуэтыныгъэм хуэлажьэ IуэхуфIу зэрыщ1ытри къыхигъэщащ.

Хьэфыщ1э Мухьэмэд жиIащ лъэпкъ газетхэм Iэ щ1эзыдзэхэм я бжыгъэр нэхъ мащ1э зэрыхъум зэригъэгузавэр. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу тхьэмадэм къигъэльэгъащ газетыр щ1ыхуэхэм я1ярызгъэхьэ пощтым и лэжьэкIэм щ1ыщ1эныгъэхэр зэрыхэльыр. Къуажэхэм дэс щ1эзджыкIакIуэхэм тхьэмахуэм къриубыдэу ар зэ Iэрагъэхьэу аращ, абы къыхэкIыу ильэс къэс абы Iэ тезыдзэхэм яхощ1. Мухьэмэд КъБР-м и Iэтащхьэм игу къигъэкIыжащ нэхъ пасэм «Адыгэ псалъэм» и тиражкIэ мин 20-м нэблагъэу къыдэкIыу зэрыщ1тар, иджы ар мини 2-м нэс зэрехуэхар. Апхуэдэ щытыкIэхэм итщ «Заман», «Кабардино-Балкарская правда» республикэ газетхэри. Къыщыынымыщ1ауэ, мы Iуэхум лъэпщхьэпэ хуэхуауэ къальытэ Интернетыр къызэрежьари.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм щытепсэлъыхьым, Хьэфыщ1э Мухьэмэд жиIащ жылагъуэ зэгъусэныгъэр къызэрызэрагъэпэщ1ар ильэс 30 зэрырикъур, гъэ кIуам абы и Х Зэхуэсыщхьэр зэрыригъэкIуэкIар, Дунейпсо Адыгэ Хасэм ар зэрыдзамыгъэ щ1ыкIэми къытеувыIащ.

Апхуэдэуи тхьэмадэр КъБР-м и Iэтащхьэр щигъэгъуэзащ 1966 гъэ льандэрэ адыгэ хэхэсхэм ятеухуауэ зэхуихьэса лэжьыгъэ мин 20-м щ1игъур щ1эльу музей къызэIуихыну мурад зэриIэм.

Жылагъуэ Iуэхухэм къыщытеувыIэм, тхьэмадэм къыхигъэщащ ц1ыхубэм ягу къызэреуэр Нэгумэ Шорэ и фэеплъ Налшык зэрыдэмытыр. Мы гъэм апэ адыгэ узэщ1акIуэр ильэс 225-рэ ирокIу. Хьэфыщ1эм жиIащ, КъБР-м и Iэтащхьэр арэзы къадэхъуэ, фэеплъым текIуэдэнкIэ ц1ыхубэм зэхуэхьэсыныр къызэрыхильхьэр. Тхьэмадэм щапхъэ кIихьащ зауэр имыхъ щ1ыкIэ, 1944 гъэм, Нэгумэ Шорэ ильэси 150-рэ щрикъум ирихьэл1эу, Къэбэрдейм и къуажэ 16-м адыгэ узэщ1акIуэм и фэеплъэр щагъэувауэ зэрыщытар. А Iуэхур зэфIэгъэкIын зэрыхуейр К1уэкIуэ Казбек Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм къыдиIыгъащ.

Зэ1ущ1эм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ «КъБР-Медиа» Iуэхущ1апI9м и лэжьыгъэм.

Хьэфыщ1э Мухьэмэд КъБР-м и Iэтащхьэм тыгъэ хуищ1ащ «ДАХ: Къыкlэлъыкlуэ ильэсипIлIр. 2015 - 2019» тхьылъымрэ «Черкесиа» къыдэкIыгъуэм хихьэу 2019 гъэм дунейм кьытехьа лэжьыгъ1ипIлIрэ (Къаныкъуэ Анфисэ - «Хьэтхэр», Лохвицкий Михаил - «Уафэгъуагъуэ макъ», Хьэткъуэ Умар - «Чысэ», Къэшэж Инна - «Лъабзэ»).

КЪАНШОКЪУЭ Мэлыч ыпхъу.

● Псапэ

ФIыщIэ лей хуащI

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм дыгъэгъазэм и 26-м щагъэльэпIащ зи узынш1агъэм сэкъат иIэ сабийхэм гъуазджэмкIэ я республикэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэр.

ЗЭХЫХЬЭР къызэIуихащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и къудамэм и унафэщ1 **Дьяченкэ Антонинэ.**

- Зи Iэпкъльэпкъыр тэмэму къызыдэмыбз ц1ыкIуэм я деж къыщ1ыздгъэпэща «Си гуапэу си дунейм фыкъызэгъэблагъэ» («Добро пожаловать в мой мир») щ1ынатIэ зэпеуэр, хабзэфI зэрытхузхъуауэ, ильэс зыбжанэ хьуауэ идогъэкIуэкI. Абы и зэхэщ1ауэщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ диабетуэ зэрыкIыхэм я «Диа-Лайф» щ1ынатIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ, республикэм и Сату-промышленнэ палатэм хэтхэр я щ1эгъэкъуэну. Мы зэхьэзэхуэм хуэдэхэм ц1ыкIуэм Iэмал кIарет гъуэгуанэ зэрыхащ1ыкIыр езыхэм зыхащ1эжьынмкI9, Iэзэгъэу яб-гъэдэлъыр зыхуэдизыр нэрылъагъу зыщащ1ыжьынымкI9, я зэчиифIагъэм зэрызиужьым езыхэр щ1ыхьэт техъуэжьынмкI9. Зэпеуэр зэрекIуэкIым дэ къыдегъэльагъу Iэ Iэпкъльэпкъым и зыужьыкIэр адрейхэм ейм емыщ1ых сабийхэми гъуазджэм и льэныкъуэ зэмылI9ужьыгъуэхэмкIэ зэфIэкIышхуэ зэрабгъэдэлъыр. Мыбдежым щ1ызэхуэтщэса сабий дыгъэ ц1ыкIуэхэм зыныфхузогъаззэри, комиссэр зыхэплъа фи гъэжьыгъэхэм дэ къыдагъащ1э, нэрылъагъу тщащ1 гуапагъэрэ IофIыгъуэ фи гум къикIыр, фи псэм къыпкъырпсыкIыр зыхуэдизыр. Ныбжьыщ1э ц1ыкIуэхэм, абыхэм я адэ-анэхэми Илъэсыщ1эм ипэ къыхуэу сыныбохъуэхуэ фызыгъэпIейтейр нэхъ мащ1эрэ фызыгъэгуфIэр нэхъыбэу фи гъащ1эр ефхъэжьыну, насыпыфIэ дыдэ фыхъуну! - жиIащ Дьяченкэ Антонинэ.

КъыдгъэкIуэкIэм ящыщу зэхьэхьэм къыщ1ыпсэльэхэм фIыщ1э лей хуащ1ащ сабийхэм щ1эгъэжьуэн яхуэхъуа псоми: егъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми, волонтёрхэми. Сыту жыпIэмэ, аэращ ц1ыкIуэм дыгъуэ ябахуепс, къащ1ьэщ1ыхьуарэз къэухъ узынш1эр къахуэзэзыгъэпэщ1ыжри. ФIыщ1э щхьэхуэ хуащ1ащ зэхьэхэр къызэзэзыгъэпэщ1ахэм ящ1ыщу КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщ1 **Берд Хьэзрэталий**, республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и Iэтащхьэ **Гъуклэл Хьэсэн**, «Налшык IофIыкIэ» ООО-м и унафэщ1 **Джатокъуэ Анжелинэ** сымэ.

Тхьигъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн ейщ.

БжэныкIэ Мухьэб Мусэбий и къуэр

2019 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м дунейм ехьжащ журналист, публицист щ1эрыIуэ, социолог, Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтт Бжэныкlэ Мухьэб Мусэбий и къуэр. Аращ ди рестораныкэм щыщу яп1э дыдэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыхь зиIэ и журналист» щ1э лъапIэр зыфIащэр.

Зи хэкур, зи лъэпкъыр фIыуэ зыпльагъу адыгэлI щ1ыпкъэм и акъылри и щ1эныгъэри адэжь щ1ынальэм щхьэузыхь хуищ1ащ. Зи гъащ1эр матэщ1эдзауэ къезыхьэкIхэм ящ1эщтэкъым Мухьэб. Абы и адэр зауэм хэкIуэдащ. Анэм къыхуэнат зэкъуэш ц1ыкIуитI. И адэр зэримыIэжьым и гум къытридзэ уэгъэр мыкIыжауэ, Мухьэб къытепсыхащ нэгъуэщ1 гуэзвэгъуэшхуэ - и анэр дунейм ехьжащ. Анэм зэрыкIэльыпсэужа щ1ынэкъым и шынэхъыжь закъуэр - Амдул-Чэрим, мазэ бжыгъэ фIэкIа дэмыкIыу Iэщ1экIащ ари. Зеиншэ къабзэу къэна, ильэс 12 щ1э ныбжь щ1алэр яп1ыжащ и анэ дэлъхумрэ абы и щхьэгъусэмрэ.

Дзэлыкъуэкъуажэ дэт школым къыщ1экIа нэужь Бжэныкlэ Мухьэб щIотIысхэз Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Абы зэрыщеджэм хуэдэурэ, гъунэгъу зыхуищ1ырт пасэу дзэзыхьэха Iэхъум - журналист Iэщ1ащ. Школым зэрыщ1эс лъандэрэ ар тхэрт район газетым. Щ1алэм журналист къызэрыщ1ыкIынум гу лъамытэу къэнакъым ар езыгъаджэжэм икIи а Iуэхур ректоратым деж щынэсым, абы и жэрдэмкIэ БжэныкIэр ягъакIуэ Москва къэрал университетым. ЖурналистикэмкIэ факультетыр къеухри, и адэжь щ1ынальэм къеГ9ззэж. Iэщ1агъэлI щ1алэр Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм ирагъэблагъэри, редактор нэхъыжьыу ягъэув. МКъУ-м щ1эныгъэфI къыщ1ихьа пэтми, БжэныкIэм мурад ищ1ащ и еджэным адэкIи пищэну - а къиуха университет дыдэм 1971 гъэм аспирантэ щIотIысхьэжри, кандидат диссертацэ щ1ыпхегъэкI.

Редактор нэхъыжьу Iэжьэн зэрыригъажьэрэ дэкIаишхуи щ1ымыIэу, журналист нэхъ Iэзэхэм хабжэ хъуащ Мухьэб. Абы телевиденэм къыщ1эзриГ9эпэщ нэтынхэр щ1ощ1гъуэт, уэрыIэныщ1эт, IэхъуэгъуэтегъэкIыу мыхъуу, кууэ къыщ1игъалъэрт. Журналистым къигъэIурыщ1эрт зызрипщыт сыт хуэдэ унэтIныныгъэри. Ауэ псом хуэмыдэу абы и щ1асэт къуажэдэсхэм, губгъуэм ит къызэрыгуфIкIэжьакIуэжьхэм, Iэщ1ыхьуэхэм ятепсэлъыхьын.

1990 гъэм БжэныкIэр Къэбэрдей-Балъкъэр радиом ягъакIуэ редактор нэхъыщхьэу - адыгэ къудамэм и тхьэмадэу. Радио нэтын, очерк купщ1афIэ куэд Мухьэб и Iэдакъэ зыщ1экIащ а лъэхъэнэм. Iэщ1ащ1эгъуэльэхъуэ лъэпкъым, республикэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщ1 лэжьыгъэ зыкъом абы зэрызэфIигъэкIари. БжэныкIэм зрипщ1ащ щ1эныгъэ-къэхутакIуэ институтым хуэмыгъэкъэгуэ Iэхъугъуэм - щ1эрыщ1эу къыдигъэкIыжащ адыгэм дежкIэ уасэ зимыIэ «Нартхэр» эпосыр - адыгэбзэкIи урысыбзэкIи, я бжыгъэкIэ мин 20 хьуу. Апхуэдэу абы и хэрычэткIэ дунейм кьытехьащ МафIэдз Сэрэбий и тхылъ гуэззэджэ «Адыгэ хабзэр». Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпIэу Мухьэб и Iэдакъэ щ1экIащ радиомрэ телевиденэмрэ ятеухуа тхылъ купщ1афIэ.

Литературэ Iэхъуми хуэIэижьт БжэныкIэр. Абы итхащ поэмитI - «Мэлыхъуэхъэ», «Абыкъуэбл9» зыфIищ1экэр, ахэр тхылъитIу дунейм кьытехьащ. И уэсэкэр я лъабжьэу ятхауэ радиом и хъумапIэм щ1эльщ уэрэд зыбгъупщ1ым щIигъу. Апхуэдэу ильэс зыщ1ыпIи ипэкIэ Мухьэб тыгъэ лъапIэ хуиГъэхьэзыращ и жылэм - абы и Iэдакъэ къыщ1экIащ Дзэлыкъуэкъуажэ и тхыдэм, и нобэм теухуа тхылъ хьэпэмэт.

Ар хыджэру хэтащ журналист ныбжьыщ1эхэр а Iэщ1агъэм хэгъэгъуэзэным хуэунэтIа лэжьыгъэми, и IэзагъымкIэ ныбжьыщ1эхэм жумарту ядэгушэу.

БжэныкIэ Мухьэб УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтащ, ЩIДАА-м и академикыу щытащ, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и дамыгъэ хэзылъхьащ1э. БжэныкIэм я тхылъ-пIэ дыдэр - «Iэщ1агъэм ирилажьэхэм я пащхьэ щиIэ фIыщ1эхэм папщ1э» жыIуIэр - къыхуагъэфэщат, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, КъБР-м Печатымрэ щ1ыхь-бэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ я щ1ыхь тхылъхэр кьратат.

Iэужь дахэ, лъэужь узынш1э къыззэзынэкIа, къызыхэкIа лъэпкъым псэ хъ-лэлкIэ хэзлэжьа, фIы щ1эныр зи гуращ1эу дунейм тетa Бжэныкlэ Мухьэб дэ щ1эх дигу зэримыхунур бэнщ.

КъБР-м Щэнхабзэмкl9 и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кlэзоиэ Iуэхущ1апI9р, КъБР-м и ТхакIуэхэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я редакцэхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр.

Жылагъуэм хэзэгъэжьыным хуэгъэпсауэ

Ц1ыхухэм судкIэ тралъхьа тезырыр щрагъэпшыныж Iуэхущ1апI9хэм я производственно-техникэ I9натIэм и лэжьакIуэм и мазхуэр тоху щ1ышылэм и 7-м. Абы ирихьэл1эу къапщ1ытэж ильэсым къриубыдэу зэфIагъэкIаэр, къапэщыт къалэнхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыIэ УФСИН-м тезырхэр лэжьыгъэкIэ щрагъэпшыныж и къудамэу 4 иIэщ - езанэ, ещанэ, епIланэ колониехэмрэ щ1ыхуэр щ1ипсэу, и тезырри щигъэзэкIуэж КП-5-мрэ.

Ц1ыхум и къуанщ1агъэр ар ягъэлажьэурэ ирагъэпшыныжымкIэ къалэн нэхъыщхьэу щытхэм ящ1ыщу къалъытэ социальнэ мыхьэнэ зиIэр - тутнакъэщым къикIыжа ноужь ц1ыхуэр жылагъуэм яхэзэгъэжьныр. Абы нэмыщ1, ягъэтIысахэр лэжьыгъэм къызэрыхашэм Iэмал ярет Iэщ1агъэ зрагъэгъэтIыну, щ1эпхъаджагъэр щ1алэжьым къатехуа щ1ыхуэр яп1ыныжыну, улахуэфI къахьмэ, езыхэм я унагъуэхэми ядэIэпыкъну.

Тезырхэр щрагъэпшыныжу республикэм щы1э Iуэхущ1апI9хэм къеГъэбыдыIлащ метр зэбгъуэнатIэ 100035,2-рэ, мэкъумэш щIапIэу гектар 674-рэ, апхуэдэуи гъэлу метр зэбгъуэнатIэ 67270-рэ, Iэщ щагъэхъу комплексу метр зэбгъуэнатIэ 51898-рэ зыубыдхэр. Абыхэм ц1ыху 783-рэ I9натIэкIэ къыщ1эзрагъэпэщ. Тутнакъэр щолажьэ промышленность псынщ1э, пхъэм, гъущ1ым елэжь I9натIэхэм, ухуэныгъэм ирахьэлI9 пкъыгъуэхэр, ц1ыхуэхэм махуэ хэсщ1 къагъэсэбэп эхэпшыпхэр, ерыскъыпхъэхэр къыщыщ1агъэкI Iуэхущ1апI9хэм.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щы1э УФСИН и пресс-I9натIэм и унафэщ1.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 28, *щэбэт*

♦Кином и дунейпсо махуэщ
♦Кинематографым и махуэщ. 1895 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Люмье зэкъуэшхуэу Огюстрэ Луирэ дунейм щы-ягъэу Париж щагъэльэгъуащ езыхэм ящ1ыщ зыт ар.

♦Дзэ къулыкъущ1э, Совет Союзым и Маршал **Конев Иван** къызэрыгъэхуэрэ ильэси 122-рэ ирокIу.

♦Скульптор, СССР-м и ц1ыхубэ художник, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Вучетич Евгений** къызэрыгъэхуэрэ ильэси 111-рэ ирокIу.

♦Америкэ балетым и къэфакIуэ пажэу щ1ыта, адыгэ пащ1ащ **Черкасская Марианнэ** къыщ1ыгъэхуа махуэщ.

Дунейм и щ1ытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щ1ыщ1тынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 2 - 3 щ1ихьнущ.

Дыгъэгъазэм и 29, *тхьэмахуэ*

♦Ирландием и Конституцэм и махуэщ
♦1768 гъэм пащтыкъ гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм Урысейм щ1ыпIэу тхьылъымIэ ахъшэхэр къагъэсэбэпыну унафэ ищIащ.

♦1959 гъэм Налшык къыщ1эзуахащ телемеханикэ аппаратурэ къыщ1ыщ1агъэкI завод.

♦1968 гъэм Мейкъуапэ иIэ Зэныбжьэгъугъэм и утым «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщ1ыгъуу» фэеплъыр къыщ1ыз-зэIуахащ.

♦1979 гъэм Москва лажьэу щ1ауатIыпщащ лъакъуэрыгъажэкIэ къэжьхьыным хуэгъэпса трек. Олимпиадэм и пэ къихуэу ди къэралым щащ1ынэу яубзыхуауэ щ1ата уэхуэныгъэхэм ящ1ыщ зыт ар.

♦Дзэ къулыкъущ1э, Совет Союзым и Маршал **Конев Иван** къызэрыгъэхуэрэ ильэси 122-рэ ирокIу.

♦Скульптор, СССР-м и ц1ыхубэ художник, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Вучетич Евгений** къызэрыгъэхуэрэ ильэси 111-рэ ирокIу.

♦Америкэ балетым и къэфакIуэ пажэу ц1ыта, адыгэ пащ1ащ **Черкасская Марианнэ** къыщ1ыгъэхуа махуэщ.

♦1902 гъэм Москва къыщ1ыгъэIуахащ «Национальнэ» зыщ1эщ1ыр.

♦1927 гъэм совет къэралым щыяпIэу Харьков къалэм къыщ1ыгъэIуахащ сабий екIуэлIапIэнщэхэр зрагъэщ1э, ахэр щрагъэджэ, щагъасэ коммунэр, Дзержинскэм и ц1эр зезыхьэр.

♦1932 гъэм СССР-м щагъэуэващ «Ворошиловский стрелок» ц1э лъапIэр. Нэщанэ нэхъыфIу еуэхэм ярихуэупсэну яг1эува а дамыгъэм 1, 2-нэ нагъыщэхэр иI9т.

♦1958 гъэм РСФСР-м и Уголовнэ кодексым хагъэкIыжащ «ЦIыхубэм я бий» жыхуиIэмкIэ ц1ыхуэр гъэкъуэшэныр.

♦1977 гъэм СССР-м къэралкIуэ Iуэхухэмкlэ и министр Щёлоков Николай Iэ щ1идзащ къалэн хэхахэр зи пщэ дэлъ «Витязь» гупыр къызэгъэпэщ1ыным теухуа унафэм.

♦1991 гъэм Азебайджаным референдум щекIуэкIащ я къэралым щхьэхуитынымрэ тегъуэгуэ. Абы хэтахэм я процент 99-м щIигъур арэзы техъащ щхьэхуэу псэуным.

♦Урысей императрицэу (1741 - 1762 гъэхэм) щыта, Пётр Езанэм ипхъу **Елизаветэ** къызэралъхурэ ильэс 309-рэ ирокIу.

♦Совет Союзым и Лыхъужь **Къардэн Мурат** къызэралъхурэ ильэси 103-рэ ирокIу.

♦Медицинэ щ1эныгъэхэм я кандидат, КБАССР-м щ1ыхь зиIэ и дохутыр **Щоджэнц1ыкIу Еленэ Алий** и пхъур къыщ1алъхуа махуэщ.

♦ТхакIуэ, КъБР-м щ1ыхь зиIэ и журналист **Гъэунэ Борис** къыщ1алъхуа махуэщ.

♦Дунейпсо Олимп Комитетым и президент **Бах Томас** и ныбжьыр ильэс 66-рэ ирокIу.

♦Сирие армэм и генералполковник, СХЪР-м и Верховнэ дзэхэм и командующэу щыта **Исхьэкъ (Джырандокъуэ) Хьусен** къызэралъхурэ ильэс 65-рэ ирокIу.

♦ТхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Мэкъуауэ Амир** и ныбжьыр ильэс 57-рэ ирокIу.

Дунейм и щ1ытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щ1ыщ1тынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градус 1 - 2 щ1ихьнущ.

Дыгъэгъазэм и 30, *блыщхьэ*

♦Мадагаскар Республикэм и махуэщ
♦1922 гъэм Советхэм я I Союзпсо съездым къыщ1ыдзэрэ Iэпэщащ Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр - СССР-р.

♦1927 гъэм урыс химик Лебедев Сергей дунейм щыяпIэу кIигупсысащ синтетикэ каучук зэращ1 Iэмал.

♦1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Лъэпкъэхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр къыхуагъэфэщащ.

♦Инджылыз тхакIуэ щ1эрыIуэ, усакIуэ, Маугли теуха хъыбар тельыджэхэр зи Iэдакъэщ1окI, Нобель и саугьэтIэ зрата **Киплинг Редьярд** къызэралъхурэ ильэси 154-рэ ирокIу.

♦КъБР-м щ1эныгъэхэмкIэ щ1ыхь зиIэ и лъабжьэ **Чым Юрий** къызэралъхурэ ильэс 88-рэ ирокIу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щ1ыхь зиIэ я дохутыр **Бер Мухьадин** и ныбжьыр ильэс 85-рэ ирокIу.

♦Философие щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Делэкъарэ Къадырбэч** и ныбжьыр ильэс 80 ирокIу.

♦Биологие щ1эныгъэхэм я доктор, РАН-м и член-корреспондент, КъБР-м щ1эныгъэмкIэ щ1ыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тембот ФатIимэт** къыщ1алъхуа махуэщ.

Дунейм и щ1ытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щ1ыщ1тынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым 1 градус

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIэМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуущ1ыгъэ:

Акъыл зимыIэм насып иIэкъым.

Лъэпкъыр ефIэкIуэныр зи хъуэпсапIэ ХьэкIуащэ Андрей 90

Лэжьыгъэращ цIыхур зыгъэдахэр

Критик, литературэдж, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Хьэкlуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэр Тэрч районым хыхь Арыкъ (Борыкъуей) къуажэм 1929 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м кьущалъхуащ. 1948 - 1952 гъэхэм ар щеджащ Ленинград дэт къэрал университетым и филологие факультетым. Налшык къигъэзэжа нэужь, Къэбэрдей радиовещанэм мазэ зыгъуэщIэ щыIащ. Адэкlэ, Къэбэрдей къэрал пединститутым и аспирантурэм щIэтIысхьэри, 1955 гъэм ар къиухащ.

1954 гъэм къыщыщIидзаяз 1961 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутымрэ университетымрэ и егъэджакIуэ нэхъыжьщ. 1961 - 1968 гъэхэм Хьэкlуащэ Андрей КъБКъУ-м и филологие факультетым и деканым и къуэдзэщ, 1968 - 1973 гъэ. КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доцентщ. 1974 - 1976 гъэ. КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым и деканым и къуэдзэщ.

Хьэкlуащэ Андрей филологие щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, ЩIДАА-м и академикщ, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

Иджыблагъэ щIэныгъэлI щэджащэр, нэхъыжьыфIыр и гъащIэ гъэзэуанэм теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ къыддэгъэушащ.

- Андрей, уи сабиигъуэм и гугъу къыткъуэпщIыжамэ ди гуапэ хъунт.

- Си сабиигъуэр тыншу щытаяз пхужьIэнукъым. Апхуэдэр си закъуэкъым, ди къэралышхуэм си ныбжь иту щыпсэуахэмэ ягъэунэхуаущ гугъуехь мымащIэ. А зэманым апхуэдизкIэ къулейсызыгъэшхуэз щыIащи, ар къэпIуэтэжкIэ иджырей щIалэгъуалэм я фIэщ пхузмыщIынри хэлъщ. Дэ къызэдэкIа гъэпощхьэпохэм хуэдэ нобэрей ди щIэблэм тхьэм яримыгъэпIагъэкIэ. Ди блэкIам дриплъэжмэ, дауэ дыпэлъэща апхуэдизу гугъуехьм, жыпIэу дыщегупсысыж къытхуохуэ. Ди щIалэгъуэм утепсэлъыхьу щытмэ, гуащIэдкIым дыхуагъасэу щытащ. Ерысыкъы щыгъыни дрикъуу дызэриимыIам я мызакъуэу, еджэнымкIи бэлыхь куэд тпелъащ. Дэ дыщеджар нэхъапэм мэжджьыту щыта унэрщ. Ар пэш цIыкIуурэ зэпрахулыкIри, абы дыщIагъэтIысхьат. Ар щыимахуэм егъэлеяуэ щыIэт. ЩIыхьэпIэм деж зы пэшхьэку закъуэ иIэти, ар сабийхэм къхуэзэ тIэкIу здэтхьмэ, абыкIэ къызэщIэдгъапIлъэу апхуэдэт. А хьэуазэм хуабагъыу щIэлъым нэхърэ Iугъуэм узэриукIыр нэхъыбэт. Классхэр апхуэдизкIэ щIыIэти, дритхэну здэтхьа шакъэр щтырт. Дызэрытхэн тхьапшэмпIэ зэрыдмыгъуэтым и гугъу тщIыххэртэкъым, газет кIапэльапэхэр къэдгъуэтмэ, абы и нэхэхэм зыгуэрхэр теттхэрт. Апхуэдэ щытыкIэм уиту, щIэныгъэ тхэ пхузэгъэзыгъуэтынтэкъым.

ЗгъэщIэгъуэкьр зыщ: зыгуэрхэр здгъэщIауэ абы дыкъызэрыщIэкIарц. Къыхэгъэщыпхъэщ, а лъэхъэнэр сыт хуэдэу гугъуу щымытами, нобэ хуэдэу сабийжэм щIэныгъэм зэпыIуадэу зэрыщымытар. Сэ сощIэж Гюго Виктор и «Отверженные» романым щыщ Iыхьэм, Тенардье Гаврош теухуари, Гауф Вильгельм и «Мук цIыкIу и хъыбар» жыхуиIэми здгъэкIуэ деджауэ зэрыщIтар. Ахэр гъэщIэгъуэн къыщыкъуауэ, еджэнми нэхъри гу худагъэщIауэ щытащ. «Мук цIыкIу и хъыбар» тхылъыр къуажэшхэр псафэ сшауэ згъэкIуэдри, мазэ псокIэ библиотекэм сыщIэмыхьэфу зэресхьэкIар куэдрэ сигу кьоклъж.

Зауэ нэужь илъэсхэр хьэлъэу зэрыщытам куэд тражыIыхьащ. Зауэм и бэлыхьыр зышэчыф абы Iуту щэр зытелъалъэм и закъуэкъым, мыдэкIэ къэнахэри гугъуехьым хэкIыркъым. Си адэр щежьэм, унагъуэм сранэхъжьхьи, сылэжьэм хуейх хъуащ. А зэманым сэ езмыхьэкIа Iэнатlэ колхозым иIауэ къыщIэкIныкъым. ЦIыхухэр ерыскъыкIэ гугъу дыдэ екъырт, хьэлIамэрэ хьэлIамэпсрэт абы щыгъуэм я шхыныгъуэр. Выгум сису, ЩIыщIэжь исшурэ Мэргэй нартыху сшэрт. Ар щысшэкIэ кIэчанхэр гуи и лъабжьэм ислъхьа мэкъум хэзгъэлъалъэрт. Жэщым сыкъэкIуэжа иужькIэ, сабийхэм ар кьыхахьыжьрт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ махуэ хэзс зы пэгун из хъун хуэдиз нартыху гъэлъэпа унэм къасшэрт. Ар дыматIамэ, шэч хэмылIу, ди унагъуэр гугъу Iей екьынут. А зэманыр псэзэпылъхьапIэт - колхозым и мылъкуу гуэдз, нартыху килограмм щхьакIэ цIыхур ягъэтIысырт. Ауэ IэмалыншагъэкIэ дыIэбэн хуейуэ зэманым дихуэлIауэ щытащ.

Нэмыцэхэр дэкIыжа иужь, цIыхухэм ятелъ бэлыхьым иджыри зы къыхэхъуащ - куэдым хуабэуэр (тиф) кьайуэлIащ. Щыымахуэу узым сыкъыхигъэщIащ, зыкъыщысщэжам щхьэгъубжэмкIэ сыкъыщэпIырт, хуэрэдэжр къэгъэтат. Сэ си насIп къикьри сыкъелащ, армыхьмэ а лъэхъэнэм ди къуажэми адрей жылэхэми щыщу а узыфэм куэд ихьащ.

- Уи нэгу щIэкIа, уи фэм дэкIа апхуэдизу гугъуехьым укъымыгъэдзыихэу щIэныгъэм и гуэргум утехьащ, Андрей...

- Республикэпсо школ-интернаткIэ еджэу зауэ нэужь илъэсхэм еджапIэ хъыбэрагъэпащэуэ щытащ. Борыкъуей еджапIэм классибгъуэр кьыщыдыха нэужь, ди къуажэм щыщу цIыхуиц - Мэкъулхэ я щIалэ, Сокъур Мусэрбий, сэ, дыщIэтIысхьауэ щытащ абы. ЩIэныгъэ куу кьыщIэтхащ абы, егъэджакIуэ гъуэзэджэхэр диIащ. Ар къэзыухахэм ящыщ щIыху зыбжанэ кьалэшхуэхэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм бронкIэ ягъэкIуэрт. Мис абыхэм дахэхуэри, Мусэрбий сэрэ Ленинград дэт къэрал университетым дыкIуащ. Абыи гугъу дызэрыщIехьам кIыхьу утепсэлъыхьыфынущ. Тшхыпри дрикъуртэкъым, щыттIэгъэни диIэтэкъым. 1947 гъэрат ар. Зауэр ихамки, блокадэм кьыкIа кьалэм нэужь зыкьиужьыжьатэкъым. Ди закъуэтэкъым бэлыхь хэтыр, зауэм кьыла кьорналэр зэрыкьиту апхуэдэт. ИтIанэ, а зэманым ди ГъусэУ Ленинград щыIащ консерваториемрэ Къэбэрдей студиер. Абы щеджащ Балэ Мухьэдин, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр сымэ. Ахэри гугъу ехьырт дэ тхуэдэу.

Гухэхъуэ хьэдэзыр зыт - еджэнырт. ЕгъэджакIуэ телъыджэхэр диIащ. ЩIэныгъэм дыдрагъэхьэхащ, гъэщIэгъуэн куэд абыхэм я деж кьыщIащIащ. Къэпщтэжа, кьалэм и музейхэм, библиотекэхэм, архивхэм щщIыхьэн къудейр куэд и уасэт, абыхэми щIэныгъэ кьыщIэпхыфынут. Дэ еджэнымкIэ зыщIедгъэхакъым, щIэныгъэ зэдмыгъэгъуэтмэ, зыри дызэрымыIэнур кьыдгурыIуэрт.

Нэхъ иужьыIуэкIэ Мусэрбийрэ сэрэ ди Iэхэр кьикIащ, - Ленинград дэт консерваториемрэ и адыгэ студиемрэ дэ тIур дагъэкIуащ. Сокъурым адыгэбзэмкIэ, сэ литературэмкIэ илъэситIкIэ щедгъэджащ абы. Мис абы щыгъуэм зы къэдужьыжат. ФIытэкъэ стипендиери кьэпхьу, улахуэ тIэкIри къуатыну!

Налшык кьэдгъэзэжа иужь, лэжьапIэ зыми къытхуигъэлъэгъуакъым, дэ езым ди щхьэ Iэхэу дадгъэкIыжауэ Iаращ. Сокъур Мусэрбий кьуажэм кIуэжри, урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу зэман гуэркIэ щылэжащ. Сэ Къэбэрдей радиокомитетым сыщылажьэу щIэздзащ. Иужькlэ пединститутым аспирантурэ кьыщызэIуахати, Теунэ Хьэчим и фIыгъэкIэ абы сыщIэтIысхьащ. ЦIыхуитI къащтэну зарати, НалоАхьмэдэхьанрэ сэрэ абдеж ди Iэхэу кьыщикIащ. Аспирантурэр кьэзмыкъ щIыкIэ, 1954 гъэм пединститутым и кафедрэм ассистенту сыкьащтащ.

- Ленинград ущыщыIа гъэхэм сытхэм нэхъ уелэжьа?

- Турчаниновым кьыдигъэкIыжа, Нэгумэ Шорэ теухуа и лэжьыгъэхэр щигъэхьэзырым, дыдэIэпыкъуащ. Ар институтым щыIэти, абы дриджэрт, ахъшэ тIэкIу кьыдатырти, кабинет щхьэхуэ дыщIэсу дигъэлажьэрт. Адыгэбзэкlэ тхауэ хъуар дэращ зыгъэхьэзырар.

- Андрей, ди лъэпкъ уэзщIакIуэхэм я гъащIэр, я къэкIуэкIыкIар къэтIэщIыжьыным уэ лэжьыгъэшхуэ епхьэлIащ. Сыт абыхэм я къежьапIэ хъуар?

- Си хъхутэныгъэ лэжьыгъэу япэу сызэлэжьар Щоджэнщ1ыкIу Алий и творчествэрщ, - и Iэдакъэщ1экIэр джыным, усакIуэм и къэкIуэкIыкIар зэхэгъэкIыным. Абы и усэхэм сыкьызэреджэу си гум дихьащ. Мыхьэнэ ин, купщIэ зэраIэм, гъэпсыкIэ хьэлэмэтхэр зэрагъэтам сэ абы щыгъуэм сегупсысауэ къыщIэкIынкъым, ауэ езы усэхэм си псэр зэратхэкъуар пэжщ. Иужьки, Ленинград дыщыщеджа зэманми, Iэщ1ыб схэуащIа-кьым абы и Iэдакъэщ1экIэр, уеблэмэ къыщIэкIа, ар ди къуажэм щыщ. 1950 гъэм, Щоджэнщ1ыкIур кьызэралъхуэр илъэс 50 щирикъум, Налшык сыкъэкIуэжауэ абы и гъащIэмрэ и тхыгъэхэмрэ ятеухуа лекцэхэм кьуажэ куэдым сыкьыщеджэжу кьэкIухьауэ щытащ.

А лъэхъэнэм нэхъ куууэ абы и творчествэм щыгъуазэ зыкъэщIри, Алий и поэмэхэм си диплом лэжьыгъэр, иужькIэ кандидат диссертацэри тезуэуауэ щытащ. Абы и тхылъхэр мызэ-мытIэу адыгэбзэкIи урысыбзэкIи кьыдэдгъэкIащ. Си екъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу кьызэлъытэ Алий и тхылъхэр псори зэхуэхьэсауэ адыгэбзэкIэ дунейм кьытехьа тхылъышхуэр. А тхакIуэ щэджащэм и творчествэм теухуауэ сэ сщIар мащIэкъым, ауэ нэхъыбэ схуэзэфIэкIын хуейуэ щытауэ кьыщIохьыж. Сэ Щоджэнщ1ыкIу Алий срималъхэти, ар сщIэну си кьалэнт.

Мыри гъэщIэгъэнэщ. Щоджэнщ1ыкIу Алий и гъащIэм теухуауэ нобэр кьыздэсым зыри зыщымыгъаязэ зы Iэзэгугъуэ архивым кьыщигъэтащ Абаазэ Албэч. Кьэзэрыщ1экIымкIэ, Алий и адэшхуэ Пщыкъан узэркъуу щытащ. Дэ иджырри кьыздэсым ар мэкъумэзышIэ унагъэм кьыхэкIауэ зэрыщымытар. «Сэ сщIэркъым, Ломоносовым фIэкIа, хуэмыщIа унагъуэм кьыхэкIа абыхэм ярэзтауэ», - щыжеCIэм, ари кьыскуидакъым. «Дэ дызэрреIэр апхуэдэуц» - жиIэри сыкьыщIигъэкIыжащ. Зэманри дэкIауэ, нэхъ иужькIэ а тхылъыр, Iэмал гуэркIэ зэрыгъэзэщIри, кьыдозэгъэкIащ. Щ1ыжькIаIуэхэм я гум иджыкьэуэ зэбграхауэ щытащ, уеблэмэ, зы тхылъ сэ езым кьыскуэнакъым.

Хьан-Джэрий пащтыхь блыгущIэту, офицеру щытауэ, Кьаз-Джэрий генерал-майору урысыдзэм кьулыкъу хуищIауэ жыпIэу ар щхьэусыгъуэ ящIу абыхэм яхуэпсэлъэну хущIэкъуэхэм зэрыгъэлIэ. Кьаз-Джэрий итха «ХьэжьытIэгъуэй ауэзым» хуэдэ тхыгъэ яIэ ахэр зыгъэкъуэншхэм? Хьан-Джэрий и «Записки о Черкесии» жиIэу итхауэ щытащ. Апхуэдэ тхыгъэхэр кьыпхуэгъэщIынутэкъым, адыгэ лъэпкъыр фIыуэ умыльагъуу. Апхуэдэ тхыгъэхэм урысхэр зыкьин хуейтэкъым. А лъэхъэнэхэм языныкъуэ урысхэм кьыстхужжэу щытащ дэ тхуэдэ лъэпкъ цIыкIуэхэм кьаэхIаэхэр я бзэкIэ щIебгъэджэн щымыIэу. Хьан-Джэрий зи гугъу тщIа и тхыгъэм щыжеIэ цIыхуи и бзэр, и анэдэлъхубзэр кьытепсыныр зэрыхьэдэгъуэдгъэр. Апхуэдэуи, абы адыгэбзэ алфавит зэхигъэувэжауэ щытащ. Апхуэдэ ептлъыкIэ, гупсысэкIэ зиIаэхэр лъэпкъым хуэмылэжьауэ зэрыжьIпIэфынур дауэ? КъызэгурыIуэркъым.

- Адыгэ уэзщIакIуэхэм ящыщу нэхъ тхакIуэ Iэзэу къэлпытэу хэт и гугъу къытхуэпщIынт?

- Сызэджажэм, сызытетхыхьажэм, нэхъыфI дыдэу слъагъуэхэм ящыщу Хьан-Джэрий къаэзэгъэщынт. Ар тхакIуэ Гъуэзэджэу щытащ. Пэжщ, абы и тхыгъэхэр реализмэм пэжыжьэу щытащ. Романтизм жьыхэтIэрщ мыбы нэхъ къыгъэсэбэпар. Ар апхуэдэу пасэу дунейм ехьажауэ щымытамэ, европей романтик нэхъ лъэщхэм къакIэрымыхуу, уеблэмэ efIэкIыIу тхыгъэ хьэлэмэтхэр и Iэдакъэ кьыщIэкIну зэрыщытам сэ щэч кьытесхьэркъым. ЕтIуанэу, КIашэ Адэлджэрий эзфIэкIышхуэ иIащ. Ауэ абы тхэныр щIыззпигъэуар гурыIуэгъуащэкъым. Ахэр зэрытфIэкIуэдам, я эзфIэкIкIр нэсу кьыздэрамыгъэлъэгъуэфам щхьэкIэ си гур ящIоуэ.

- Уэрыдзэкъахэм ящыщу уи гум фIыкIа кьинэжахэм я гугъу къытхуэпщIын?

- Сэ куэдым садэлэжьащ, ныбжьыгъушхуи сиIащ. Ауэ, Сокъур Мусэрбийрэ сэрэ куэд здэтлъэгъуащ. Дигу кьинэжьин куэди, ди щхэуи зэрыщIэу, унагъэкIи дызэкIэлъыкIуэу дыкъыззэдекIуэкIащ. Щ1ыжькIэ фIыщIэ леи пэплъэркъым. Абы хуэдэхэрщ зыкуэжаIэр «ФIы щIэи, псым хэдзэ» жаIэу псалъэжьыр. ТхакIуэхэм я союзым куэд щIауэ хэт ХьэкIуащэр яз жанкIэ кIэлъоплъ ди литературэм и зыужьыкIэм, гу лъитэ Iэуэу зэIуМыбзэхэм. Абыхэм я теухуа тхыгъэхэр газетхэми, журналхэми, тхылъхэми щIэмыIэу къытрырегъадзэ.

Щэрджэсым дыкъэкIри, 1961 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIалиц дыкъыщIэтIысхьат. Зэи сигу икIыжыркъым Андрей дэ нэ лейкIэ къыздэплъ, къытхуэгуапэу, кьыддэIэпыкIуэу зэрыщытар. Абы и щIыIужкIи и лекцэхэр тфIэгъэщIагъэунт, и адыгэбзэ кьулейм узыIэпишэт. Адыгэ литературэм и мызакъуэу, Андрей фIы дыдэу хищIыкIыт Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я литературэми, урыс литературэми. Сэ сощIалэжьа Къэрэшей-Шэрджэс университетым Хьэкlуащэ Андрей илъэсищкIэ зэкIэлъхьужьу ирагъэблагъащ къэрал экзаменхэм кьеIызых комиссэм и унафащ1у. Экзамен зытхэр Iэщ1а-гъэ зэмылIэужьыгъуэхэм - урысыбзэм, къэрэшеибзэм, абазэбзэм, нэгуъеибзэм, адыгэбзэм, инджылызыбзэм, нэмыцэбзэм хуеджахэрами, а псоми зэреупщIын къигъуэтыр Андрей, гушыIэ щабэ хэлъу я жэуап тIасхъэхэри зэрригъэзэхуэжыр. МазищкIэ абы и кьуэдзэу экзаменхэм сыщIэсати, иджыри зэ хьэкъыу зыхъэсщIащ Хьэкlуащэм и щIэныгъэр зэрыкуур. И дуней тетыкIэм и гугъу пщIымэ, Андрей кьуэхоцъэхуI и хьэл дахэмкIэ, щыIэныгъэ зэриIэмкIэ, гъэсакIуэ зэру зэрыщытымкIэ.

Хьэкlуащэ Андрей къэзымыщIыху, абы и Iэдакъэщ1экIхэм щымыгъуазэ яхэткъым адыгэ литературэр зыджжэм. Лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэриIэм и мызакъуэу, цIыхугъэшхуи зэрыхэлъым кьыхэкIыу абы пщIэшхуэ кьыщыхуащI Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми, нэгъуэщI щIыпIэ Iэджэми. ГъащIэм зы хабзэ гущIэгъунышэ хэлъщ - цIыхум и ныбжьыр хэкIуэтэху, и ныбжьыгъуэр нэхъ мащIэ хъуурэ макIуэ. ГъэщIэгъэнэщ иращи, Хьэкlуащэм и ныбжьыгъуэм хэлъуэ мыхъэумэ, хэщIкIым, сыту жыпIэмэ ар сыт щыгъуи адыгагъэм хуэпэжщ. Ари Андрей и зы Iэщ1агъэу убж хъунущ.

ФIыуэ уэкъэзылъагъу уи гъэсэнхэм, уи ныбжьэгъуэхэм я гум сыкъэпсэлъыкIыу ди нэхъыжьыфIым сынохъэуэну сыхуейщ узынщагъэ быдэ уиIэну, уи гуфIэкIэ дахэмкIэ цIыхуэхэм уаэхэплъэу иджыри илъэс куэд хэзбгъэщIэну! Хьэрыпхэм жаIэ: «Ныбжь къэскIэ езым и насып Iыхьэ хэха иIэжщ». Псалъэ зэпыщагъ, ауэ адыгэхэм ди хьуэхъури нэхъ цIыкIукъым: «Жьыщхьэ махуэ хуэхуащ». Дяпэ иджыри куэдрэ уитыну нэхъыжьыфIым сыпхуэхьахъуэ!

БАКIУУ Хьанджэрий,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, Къэрэшей-Шэрджэсым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий Андрей егъэлъапIэ. *1999 гъэ*

Адыгагъэм хуэпэж

ЦIыху гъащIэм деж илъэсхэр пкIэльей дэкIуеипIэм ещхьщ - абы и нэ бжьыгъэхэм хэхъуэхункIэ, узытет лъагапIэми зеIэт. Хьэкlуащэ Андрей нобэ здынэса илъэс 90 лъагапIэм тету зыкъиплъыхьмэ, илэжьа Iэхуэхэм, зыIэригъэхьа ехьулIэныгъэхэм еплъыжмэ, жиIэ хъунущ зэрынасыпфIэр.

НАСЫПЫР кьызэралъытэ пщалъэ зыбжанэ щIэщIэ. Куэдым лIым и насыпым лъабжьэ хуащI къуэ уиIэнкIэ, унэ пщIыныр, жыг хэпсэнкIэ. А псори кьылъысащ Андрей, ауэ абы и насыпыр кьыгуэхьилIэ имыIэу епхащ ехьулIэныгъэкIэ кьыззэдихьа Iуэхуищым: егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, адыгагъэм. Iуэху гугъущ уи егъэджакIуэу университетым щыщыта, иужькIэ уи ныбжьэгъу хъужа, пщIэшхуэ зыхуэпщI, уи дзыхь зэбгъэз цIыхум утетхуэныху. Хамэм кьыхуагупсысауэ гъунэжу щыIэщ псалъэ дыгъэл куэди, жыIэкIэ фэрыщIи, зэгъэщIэныгъэ хэIэтыкIахэри. ГъэщIэгъэныр араща, фIыуэ пльагъум, пщIэшхуэ зыхуэпщIым, щытхъу куэд Iуэхукlэ кьэзылъэжьам дыщытепсэлъыхькIэ, ди макъри нэхъ цIыкIу мэхъу, псалъэ дахэри тфIыязбгрэж.

НэгъуэщI зы Iуэхуми кьелъхъэ си кьэлэмыр: ХьэкIуаща Андрей теухуауэ псалъэ гуапэ жызыIэфынур куэд дыдэ мэхъури, ахэр арэзы схуэщIыну кьыщIэкIынкъым. Дауэ мыхъуми, сэри си кьалэнщ псалъэ зыбжанэ жысIэну.

ХьэкIуащэм и лэжьыгъэхэм я гугъу пщIымэ, абы белджылы ищIащ адыгэ Iуэрыпсатэм и уэз жанрэр, абы кьыщыщIэсэбэпа Iэмалхэр, рифмэр, строфахэр. Нобэрей усыгъэ зэрыт мэсхьэбри иубзыхуащ, и гупсысэхэр хуэфэщэн щапхъэкIэ щIигъэбыдыхьыжрэ. Критикэми хуэхамэкъым Хьэкlуащэр. Абы и статьяхэр кьытехуэ зэпхыгъ «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм. Андрей ещ имыщIэу пылъщ адыгэ литературэм, щэнхабзэм Iэщ1агъэлIхэр хуэгъэхьэзырыным. Ар ящыщкъым цIэ лъапIэ иIэхэм ягъэжакъуэу зи щхьэр хэзылъитыжыхэм. ЦIыху гуапэщ, кьыззэрыгъэкIщ. Зыгуэрым и сэбэп иригъэкIын щхьэкIэ, автобус итIысхьэу Гъэзгу жыжьэ техьэфынущ. А Iуэхутхьбзэм щхьэкIэ фIыщIэ леи пэплъэркъым. Абы хуэдэхэрщ зыкуэжаIэр «ФIы щIэи, псым хэдзэ» жаIэу псалъэжьыр. ТхакIуэхэм я союзым куэд щIауэ хэт ХьэкIуащэр яз жанкIэ кIэлъоплъ ди литературэм и зыужьыкIэм, гу лъитэ Iуэху зэIуМыбзэхэм. Абыхэм я теухуа тхыгъэхэр газетхэми, журналхэми, тхылъхэми щIэмыIэу къытрырегъадзэ.

Щэрджэсым дыкъэкIри, 1961 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIалиц дыкъыщIэтIысхьат. Зэи сигу икIыжыркъым Андрей дэ нэ лейкIэ къыздэплъ, къытхуэгуапэу, кьыддэIэпыкIуэу зэрыщытар. Абы и щIыIужкIи и лекцэхэр тфIэгъэщIагъэунт, и адыгэбзэ кьулейм узыIэпишэт. Адыгэ литературэм и мызакъуэу, Андрей фIы дыдэу хищIыкIыт Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я литературэми, урыс литературэми. Сэ сощIалэжьа Къэрэшей-Шэрджэс университетым Хьэкlуащэ Андрей илъэсищкIэ зэкIэлъхьужьу ирагъэблагъащ къэрал экзаменхэ кьеIызых комиссэм и унафащ1у. Экзамен зытхэр Iэщ1а-гъэ зэмылIэужьыгъуэхэм - урысыбзэм, къэрэшеибзэм, абазэбзэм, нэгъуэибзэм, адыгэбзэм, инджылызыбзэм, нэмыцэбзэм хуеджахэрами, а псоми зэреупщIын къигъуэтыр Андрей, гушыIэ щабэ хэлъу я жэуап тIасхъэхэри зэрригъэзэхуэжыр. МазищкIэ абы и кьуэдзэу экзаменхэм сыщIэсати, иджыри зэ хьэкъыу зыхъэсщIащ ХьэкIуащэм и щIэныгъэр зэрыкуур. И дуней тетыкIэм и гугъу пщIымэ, Андрей кьуэхоцъэхуI и хьэл дахэмкIэ, щыIэныгъэ зэриIэмкIэ, гъэсакIуэ зэру зэрыщытымкIэ.

Хьэкlуащэ Андрей къэзымыщIыху, абы и Iэдакъэщ1экIхэм щымыгъуазэ яхэткъым адыгэ литературэр зыджжэм. Лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэриIэм и мызакъуэу, цIыхугъэшхуи зэрыхэлъым кьыхэкIыу абы пщIэшхуэ кьыщыхуащI Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми, нэгъуэщI щIыпIэ Iэджэми. ГъащIэм зы хабзэ гущIэгъунышэ хэлъщ - цIыхум и ныбжьыр хэкIуэтэху, и ныбжьыгъуэр нэхъ мащIэ хъуурэ макIуэ. ГъэщIэгъэныр араща, ХьэкIуащэм и ныбжьыгъуэм хэлъуэ мыхъэумэ, хэщIкIым, сыту жыпIэмэ ар сыт щыгъуи адыгагъэм хуэпэжщ. Ари Андрей и зы Iэщ1агъэу убж хъунущ.

ФIыуэ уэкъэзылъагъу уи гъэсэнхэм, уи ныбжьэгъуэхэм я гум сыкъэпсэлъыкIыу ди нэхъыжьыфIым сынохъэуэну сыхуейщ узынщагъэ быдэ уиIэну, уи гуфIэкIэ дахэмкIэ цIыхуэхэм уаэхэплъэу иджыри илъэс куэд хэзбгъэщIэну! Хьэрыпхэм жаIэ: «Ныбжь къэскIэ езым и насып Iыхьэ хэха иIэжщ». Псалъэ зэпыщагъ, ауэ адыгэхэм ди хьуэхъури нэхъ цIыкIукъым: «Жьыщхьэ махуэ хуэхуащ». Дяпэ иджыри куэдрэ уитыну нэхъыжьыфIым сыпхуэхьахъуэ!

БАКIУУ Хьанджэрий,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, Къэрэшей-Шэрджэсым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэт гуп. *Налшык, 2005 гъэ*

Ди литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа

Лъэпкъ литературэр, лъэпкъыбзэр курыт еджапIэм щIэсхэм ябгъэдэзылъхьэхэм, нэхъ щIалэIуэхэм я гугъу умыщIмэ, куэд яхэту къыщIэкIынкъым Хьэкlуащэ Андрей иримыгъэджа. Абы я закъуэ! Адыгэ газетым, радиом, телевиденэм, нэгъуэщI Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм нэхъапэм Iута, ноби Iут цIыху Iэджэм къызэрэнэкIащ а Iыг щэджащэм и «школыр», цIыху куэдым сабэпышхуэ яхуэхъуащ абы и дерсхэр.

СИ НАСЫП къикIри, щIэныгъэлI гъуэзэджэм иригъэджахэм сахэтащ сэри. Уигу ихужьнкIэ Iэмал иIэкъым Андрей иригъэкIуэкIыу щыта лекцэхэр. МыпIащIэу, гурыIуэгъуэ, «гъэныщкIыуэу» студентхэм я пащхьэ ирилъхьэрт зытепсэлъыхь Iуэхугъэр. Лъэпкъ литературэм япэу лъэбакъуэ кьыхэзычахэм, гъэзугъэльагъуэ хуэхаэм, и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ятеухуауэ Андрей жиIэхэм уемыдэкIуэкIэ, удамыкъэхьнкIэ Iэмал иIэтэкъым. ПщIыр сыткIэ щхьэпэ, студентхэм фIыуэ яльагъурт ар. Мо зи нэгур зэлъытIуха, мащIэу кьыпыгуфIыкIыу пэшым кьыщIыхьэ егъэджакIуэ угъурлым ди гукъыдэжьыр къиIэтырт, ззэзмыси ди кьыддэгъушIыу, ди Iуэху зытетIыр, дыдэзыхьэ Iуэхугъуэхэр зыхуэдэр зригъащIэу, кIий-гуо жьыхэпIэр хэмылIу апхуэдэт. КIуэрахъэ, пльэмыкIыу пщIэ зыхуэзыгъащI, малъхъэдису узыщIэзышэ цIыхущ.

Дауи, Андрей и фIыщIэщ Нэгумэ Шорэ, КIашэ Адэлджэрий, Къуэдзокъуэ Лэкъумэн, Быресей Умар, ПащIэ Бэчмырзэ, Хьэхъупащ1э Амырхан, Щагъуэ Нурий сымэ псомкIи цIар къедбжакIыкъым - къызэрыгцIыхуар. Псом хуэмыдэжу ХьэкIуащэм щытхъу лей хуэфащэщ лъэпкъ поэзием и лъабжьэр зыгъэтIылъа Щоджэнщ1ыкIу Алий и гъащIэ Iуэгуанэр къызэритIэщIыжам, и творчествэр куууэ зэрызэпхърикам папщIэ.

Шэч хэмылIу, Андрей игу къоуэ «лъэпкъым и набдзэкIэ» дызэдж, къэбэрдей литературэм и классикхэм хабжэ языныкъуэ цIыхухэм яхуэфащэн пщIэ щамыгъэутым деж. Абы мызэ-мытIэу псалъэмакъ кьиIэтащ ди тхакIуэ пажэ Теунэ Хьэчим и цIэр Налшык и уэрамхэм ящыщ зым фIэщым зэрыхуейм теухуауэ. Арщхьэкlэ а Iуэхур къезыхьжьэну, зыгъэкIуэтэну зи пщэ кьыдэхуэ къулыкъущIэхэм, ди лъэпкъэгъуэхэм, абы жиIэр зэхахыркъым, кьафIэIуэзыкъуэм.

Зи лъэпкъым гукъуэпскIэ пыщIауэ зи гъащIэр кьезыхьэкI ХьэкIуащэ Андрей ищIа лэжьыгъэр инщ, абы кьыдигъэкIа тхыпхъэм мыхьэнэщхуэ зэрагъэр бзянщ. Сыту фIыт ар кьыдгурыIуэу а лIым кьилэжь пщIэр лъыдгъэсыжамэ.

МЫЗ Ахьмэд,
тхакIуэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхъэзырар щхъэщэмыщI Изэщ

● Псалъэжьхэр

Нэхъыжь нэмыс, нэхъыщIэ насып

♦Ныбэм имылъмэ, лъэр щIэкIыркъым.
♦Псым къыхадза бдзэжьейуэ ныджэм къытенащ.
♦Уэзфыгъуэ къыптокIуэ.
♦ЦIыху акъылыншэрэ мафIэншэ жьэгурэ.
♦ШкIащIэм агъэдела выжь хуэдэ.
♦Iуэхур кIэкIэ зэрехьэ.
♦Нэхъыжь нэмыс, нэхъыщIэ насып.
♦Акъыл кIэщIыр бзэгу кIыхьщ.
♦Дедэри, мыпсэлъэху, губзыгъэщ.
♦ЖызыIэн мыукIытэр ищIэни укIытэркъым.
♦Жьы хъуар гу махэщ.
♦Зи нэгу къабзэм игури къабзэщ.

● Ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр

Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ, Урысейм и Театр Иным и солисткэ Мамсыр Маргаритэ.

● Гъэм и тепщэр

Дзыгъуэ хужьыр къевгъэблагъэ

Къуэкlыпlэ махуэгъэпсымкlэ 2020 гъэр Дзыгъуэшхуэ хужьым и гъэщ. А илъэсым хуэдым я гъащIэм зэхъуэкIынигъэщIэхэр щекIуэкIынущ. Гупльитэ хущIыпхъэщ унагъуэ жьэгум, зэныбжьэгуегъэм. Ахэр егъэфIэкIуэным теухуауэ евгъэкIуэкI сыт хуэдэ Iуэхугъуэрэ къывэхъулIэнущ.

Дзыгъуэшхуэм уэзрыгурыIуэнур

Дзыгъуэшхуэр псэущхьэ губзыгъэщ. Абы зыхуигъэувыж мурадхэр зэрызригъэхъулIэну щыкIэр еубзыхури, итIанэ Iуэхум и ужь ихьэу аращ. Ахэр къывэхъулIэну фыхуеймэ, хабзэ зыхуэвгъэувыжам быдэу фытетын, фи псалъэр вгъэпэжын хуейщ. НэгъэущIу дзыгъуэшхуэм угурыIуэнукъым. Iуэхур къыщIэвдзэрэ зэхъуэкIынигъэ хэфIхьхьэжыну фыхуежьэмэ, фызэрымыгъэуэущ ар къыздрыщIдзынур. Абыкlэ дзыгъуэшхуэм фыкъегъэгугъэ.

Унагъуэ жьэгум екъулIэнигъэ кьиришлIэну къалъитэ а псэущхьэ цIыкIум и теплъэр зиIэ хьэпшыпхэм. Ар гущIым кхыхэщIыкIауэ щытмэ нэхъыфIщ, апхуэдэуи нэхъыбэрэ щыпIалъагъуэ щIыпIэм деж теГъэувапхъэщ.

Сыт къабзагъэм къыдэкIуэр?

Илъэсыщ1эм и пэ кьихуэу, Iэмал имыIэу, фи унэр кьабзэу зэлъыуфх. Илъэс бжьыгъэ хьуауэ къэвмыгъэсэбэпыж хьэпшыпхэр хьфIэвдзэ. Абыхэм сабэр зэрызэхуахьэсым къищынэмыщIауэ, зэран хъу мэгъу кьару гуэрхэр къапкърокI. Абы ужьыкIэ, дзыгъуэм зэрежиIэмкIэ, унагъуэ жьэгум и хуабагъми, абы дэлъ гуапагъэми къапщIэу хэхъуэнущ, илъэсым и гуащэми фIыщIэ къыщхуищIынущ.

Iэнэр берычэтмэ

Дзыгъуэшхуэхэр унагъуэ псэущхьэхэщ. Аращи, Илъэсыщ1э махуэшхуэр фи унагъуэм къыщивгъэхьэжьынуфI нэхъ тэмэмщ. Iэмал фызэриIэкIи хьэщIэ нэхъыбэ къевгъэблагъэ. ЦIыхухэр нэхъыбэхукIэ дзыгъуэшхуэми и гукъыдэжьыр хэхъуэнущ. Илъэсыщ1э жэщыр къызэрыгъэхьэну щыгъынми гулъытэ хуэщIыпхъэщ: и плъыфэкIэ щIхьуэ плъыфэр нэхъ ебэкIыу, хьэпшып цIуГъэнэхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ щытмэ нэхъыфIщ. Илъэсыщ1э Iэнэми фегугъу: дзыгъуэшхуэм шхын хэпIыхь ищIыркъым, ауэ зэмылIэужьыгуэр фIэфIщ. Iэнэр беРычэту щытмэ, унагъуэр ерыскъынщэ хъунукъым.

Махуэшхуэ тыгъэхэр

Сыт хуэдэ Илъэсыщ1э махуэшхуэ саугъэтхэмрэ тыгъэхэмрэ щымыIэу?! Илъэсым и гуащэр сыт хуэдэ Iуэхуми зэгъэзэхуауэ бгъэдыхьэ псэущхьэщ. Абы кьыхэкIыу фи илъэсыщ1э саугъэтхэри фызыхуэупсэхэр зыщигуфIыкIын, унагъуэм щхьэпэ щыхъун хьэпшыпу кьыхэфх. Зыщымыгъэгъупщэ: дзыгъуэшхуэм ныбжьэгъуу къимыIытэ псэущхьэхэм - жьиндум, хьэм, джэдум - я сурэтхэр къызытещ хьэпшыпхэр тыгъэ фымыщI.

Дзыгъуэшхуэм гъащIэр фIыуэ елъагъу, ерыщу и мурадым хуокIуэ. Абы къыхэкIыу, 2020 гъэм дзыгъуэм и щапхъэм дытетмэ, ди хъуэпсапIэхэр зэдгъэхъулIэфынущ. Дзыгъуэшхуэм фIыуэ елъагъу цIыху жьыдэхрэр, лэжьыгъэм зыпIуIэзымыдзэр, къызэгъэпэщакIуэхэр. Апхуэдэхэм кьрахьэжьэ Iуэхухэр къехъулIэнымкIэ а псэущхьэ цIыкIур дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунущ.

Нэщэнэхэр

Дзыгъуэшхуэм и илъэсым, 2020 гъэм, нэщэнэ щхьэхуэхэр иIэщ. ЩIыхуэ фтелъу Илъэсыщ1эм фытемыхьэ. Зи гугъу ищIыр ахъшэ щыхуэм и закъуэкъым, Iуэху гуэркIэ къэвгъэгугъахэми, къыззрыфщыгугъыр Iэмал имыIэу яхуэфщIэ, гъэр имыкI щIыкIэ. Илъэс псом дзыгъуэшхуэм и нэIэ щIигъэтынущ, и щхьэ закъуэ мыхъуу, къззыуХуреихьхэм я Iуэхур дэкIыным телажьэхэр.

Зыгуэрым фебийуэ 2020 гъэм фыпемыжьхэ. Псалъэмакъ мыщхьэпэхэр здэщыIэм ехъулIэныгъэр къыпекIуэкIынущ. Фи гужьгъэжьхэр зыщыгъэгъупщи, цIыхухэм фи гур яхуэзIуфх.

Блэкlэ илъесыр гуапэу евгъэжьэжи, Илъэсыщ1эм гугъэ дахэхэр фиIэу фытекъхь!

Дзыгъуэшхуэм теухуауэ

●Дзыгъуэшхуэхэр я закъуэу псэукъым.

●А псэущхьэ цIыкIухэм ику иту илъэситI кьагъащIэу аращ.

● Абыхэм я дзэр псэуху къокI! КъищынэмыщIауэ, дзыгъуэшхуэхэм пщIыхьэпIэ ялъагъу икIи гупщIэуэм гъэ фымыщI.

Дзыгъуэшхуэм гъащIэр фIыуэ елъагъу, ерыщу и мурадым хуокIуэ. Абы къыхэкIыу, 2020 гъэм дзыгъуэм и щапхъэм дытетмэ, ди хъуэпсапIэхэр зэдгъэхъулIэфынущ. Дзыгъуэшхуэм фIыуэ елъагъу цIыху жьыдэхрэр, лэжьыгъэм зыпIуIэзымыдзэр, къызэгъэпэщакIуэхэр. Апхуэдэхэм кьрахьэжьэ Iуэхухэр къехъулIэнымкIэ а псэущхьэ цIыкIур дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунущ.

Нэщэнэхэр

Дзыгъуэшхуэм и илъэсым, 2020 гъэм, нэщэнэ щхьэхуэхэр иIэщ. ЩIыхуэ фтелъу Илъэсыщ1эм фытемыхьэ. Зи гугъу ищIыр ахъшэ щыхуэм и закъуэкъым, Iуэху гуэркIэ къэвгъэгугъахэми, къыззрыфщыгугъыр Iэмал имыIэу яхуэфщIэ, гъэр имыкI щIыкIэ. Илъэс псом дзыгъуэшхуэм и нэIэ щIигъэтынущ, и щхьэ закъуэ мыхъуу, къззыуХуреихьхэм я Iуэхур дэкIыным телажьэхэр.

Зыгуэрым фебийуэ 2020 гъэм фыпемыжьхэ. Псалъэмакъ мыщхьэпэхэр здэщыIэм ехъулIэныгъэр къыпекIуэкIынущ. Фи гужьгъэжьхэр зыщыгъэгъупщи, цIыхухэм фи гур яхуэзIуфх.

Блэкlэ илъесыр гуапэу евгъэжьэжи, Илъэсыщ1эм гугъэ дахэхэр фиIэу фытекъхь!

Дзыгъуэшхуэм теухуауэ

●Дзыгъуэшхуэхэр я закъуэу псэукъым.

●А псэущхьэ цIыкIухэм ику иту илъэситI кьагъащIэу аращ.

● Абыхэм я дзэр псэуху къокI! КъищынэмыщIауэ, дзыгъуэшхуэхэм пщIыхьэпIэ ялъагъу икIи гупщIэуэм гъэ фымыщI.

● Абыхэм я дзэр псэуху къокI! КъищынэмыщIауэ, дзыгъуэшхуэхэм пщIыхьэпIэ ялъагъу икIи гупщIэуэм гъэ фымыщI.

●Мэхэр фIыуэ зыхагъэщхьэхукI. Аращи, шхыным хэлъ щхъухь нэхъ мащIэ дыдэри занщIэу зэхагъэкI.

●Шынагъуэ гуэр къыззрыблагъэр псом япэу дзыгъуэшхуэхэм кьащIэ икIи а щIыпIэр псынщIу ябгынэ.

ЩХЪЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Псалъэжьхэр

Нэхъыжь нэмыс, нэхъыщIэ насып

♦Ныбэм имылъмэ, лъэр щIэкIыркъым.
♦Псым къыхадза бдзэжьейуэ ныджэм къытенащ.
♦Уэзфыгъуэ къыптокIуэ.
♦ЦIыху акъылыншэрэ мафIэншэ жьэгурэ.
♦ШкIащIэм агъэдела выжь хуэдэ.
♦Iуэхур кIэкIэ зэрехьэ.
♦Нэхъыжь нэмыс, нэхъыщIэ насып.
♦Акъыл кIэщIыр бзэгу кIыхьщ.
♦Дедэри, мыпсэлъэху, губзыгъэщ.
♦ЖызыIэн мыукIытэр ищIэни укIытэркъым.
♦Жьы хъуар гу махэщ.
♦Зи нэгу къабзэм игури къабзэщ.

ГушыIэ псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3.** «ШхэныБ ... », жаIэ, псом хуэмыдэу ущымэжалIэм деж. **5.** «Перестройкэ» зэманым сондэджэр Iэхуукlэ Жьэмыгъуэ Африкэм зыгъэкIуа адыгэ драматург. **6.** А цIыхубзыр апхуэдизкIэ хьэсэущи, ухуейми еуи укI, ауэ ... игъэувам пхукIэригъэхунукъым. **7.** Уэрашэру зэхэт щIалэ гупым лIыжьыр ябгъэдыхьэу «мыбдежьым Iэхуншэу фыщыгъэхэмыт» щажриIэм, ... и уиэ и бжэн лъакъуэу зэбгрыкIыжащ. **10.** Фызым «хьэм ещIичи сщIигъкIыжьм» жиIэу и IлыР къигъэгумэщIэну хуейрэ нэпс хущIэмыгъэкIмэ, ар иукъэбзмэ и мурадыр нэхъ кьехъулIэнущ. **12.** И унагъуэр иПIын имыдэу, ди гъунэгъу щIалэжьым зигъэбзэхри ... хьихьэжащ. **14.** ЩхъухъепсыхЬ зезыхьэу жыхуаIэ цIыхубзым апхуэдэу йоджэ. **15.** Зы сом лейуэ зыщIыпIи щигъэкIуэдынукъым, кIэпIейкIэм ... трипIытIэу ехь и гъащIэр. **17.** Сыти жыIи, къуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфI уиIэныр нэхъыфIщ. **18.** А лIы цIыкIур апхуэдизкIэ ныбжьуэфIщи, зэпэхьуРейуэ хьуащ. **19.** Iэщ; къыгъэхьауэ упщIэхуэмэ, уи нэ вагъуэр уигъэлъагъужьныщ. **21.** Губгъуэм, мэзым къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэ: апхуэдизкIэ гуащIэщи, уи Iур зэригъалъэм къыщымынэу, уи нэпсри къыщIеху. **24.** ЯзыныкъуэхэР абы апхуэдизкIэ зэщIишащи, ар зэрыт зы абджкIэ я унэри я лъапсэри ящэфынущ. **25.** Къэрал жыпым щэхуу иIэбэурэ къуныкъущIэшхуэр хуабжьу ... хьуащ. **30.** Нартыху бзий гъур епт нэхърэ, жэмым апхуэдэ хуэзхэпщIэмэ, игукIэ фIыщIэшхуэ къыпхуищIынущ. **31.** Ар уи пашэмэ, гъуэгу тэмэм утришэнкIэ умыгугъэ - вэнвэм ухишэнущ. **33.** Апхуэдизкlэ фэфI тещи, пщIэнкъым щIалэ Iэчпъэнчэ ... куцIрэ фо цIынкIэ япIауэ фIэкI. **35.** Мэз псэущхьэ: апхуэдизкIэ хьилэшыщи, таурыхъым зэрыщыжиIэмкIэ, псори къыззтрегъапцIэ. **36.** ИлъэсыщIэ жэщым ипэ къихуэу зи жьалыр къагъэс жыг. **37.** Къэрал мылъкур щысхьынщэу зышхэм яхэтщ зи пщэр апхуэдэу хъуа. **38.** ЗаконкIэ ар птыНуи къеIыпхыну ухуиткъым, укъаумысмэ, уагъэтIысынущ. Ауэ егъэлеяуэ нэпсейхэр а законми щышынэркъым. **39.** Фыхуейми фи фIэщ фщIы, фыхуэмеймИи фымыщI, я къуэм гъащIэ гъуэсэ хуэхъуа цIыхубзыр я пхъум хуэдэу ялъагъуу жаIэ языныкъуэ унэгуащхэм.

Къехьу: **1.** Зэ упкIэри уаIэщIэкIщ, ... цIыку, тIэу упкIэри уаIэщIэкIщ, ещанэм я Iэмыщ1э уиухащ. **2.** ИщхьэкIэ кьытет унафощIым и хьэр псафэ хуэзышэну хьэзыр цIыху. **4.** ЕмыГупсысауэ Iуэху гуэрхэр къезыхьэжъэ, акъылыр щагъэшым дурэшым дэса цIыху. **5.** Зыщышынэн имылъагъумэ, къъуэр абы докIуеи. **8.** Апхуэдизкlэ хуэмыхущи, и зыгъаззр зы мазэщ. **9.** А адыгэ щIалэм зыпумыши нэхъ уи фейдэщ, тIраблъэуэу укъытридзэнщ. Сыту жыпIэмэ, пелуанщ, дуней псом и чемпион зыбжанэрэ хуьащ. **11.** ... мыкъу уврэ, ... къуа зигъэщхьрэ? **12.** Убэлэрыгъамэ, хадэм илъэдэнурэ жьгыщIэ цIыкIухэр джафэу иухъуэнщIынущ. **13.** ФызитI зэфIэнам зым адрейм иредз: «УзыфIэфI дыдэм деж кIуэи хуэтхъэусыхэ, уи ... къысщыхуэ!». **16.** Зи лIыр жьэкIэ зыих цIыхуб бзаджэ. **20.** Дзыгъуэр а псэущхьэ дахэ цIыкIум хуэзамэ и гъащIэ гъуэгур къиуащ, дуней нэхум пыкIауэ бжы. **21.** Силос гъущэкIэ япI колхоз Iащыр зыщIэхъуэпс шхыныгъуэ. **22.** Езым жиIам пхутекIынукъым, жыIэмыдаIуэщ, адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту маIпэ. **23.** Къэзанокъуэ Жэбагъы зэрыжиIамкIэ, губзыгъэр езыр къыпфIэкIынущ, апхуэдэ цIыхум уэ уфIэкIын хуейщ. **26.** Хъыджэбз къыдэнэжа гуэрым жиIауэ яIуэтэж: «Сашэнути, ... бостейр кIуэдыжащ». **27.** Апхуэдизкlэ цIыхугъэнщэщи, а лIым и ... игъащIэм зы цIыхум екIакъым. **28.** Уехъуапсэу языныкъуэ мыЗырысэхэм апхуэдэфэ яIэщ. Фадэ фIыуэ щIэзыкIэхэми я нэкIур апхуэдэ кьахэбгъуэтэну. Ауэ цIыхухъхэм яхэтщ, махуэ псом псалъэитI кьызыжьэдэмыкI. **31.** УкIытэ зыхэлъ пщащэм, мыхъун гуэр зэхихамэ, и нэкIур апхуэдэу мэхъу. ЗыхэмылIым ейм зихъуэжьыркъым. **32.** Iэзэ къашэри ... ирищIщ. **33.** Языныкъуэ цIыхубзхэм налмэсым къыхэщIыкIа тхьэгъу я пщIыхьэгъумэ, джэдым ... и пщIыхьэгъущ. **34.** Нэхъапэм адыгэм абы ирадзэрт хабзэншагъэ зылэжьа цIыхухэр.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Дыгъэгъазэм и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Лы. **5.** Гуль. **7.** Хьэщхьэтеуэ. **8.** Ерэн. **9.** Дей. **10.** Тхьупс. **13.** Выбжьэ. **14.** Сэнтх. **18.** Бжьо. **20.** Сэшхуэ. **21.** Медан. **22.** Бдзы. **25.** Шхэпс. **26.** Титов. **30.** ИкIута. **32.** Къурш. **33.** Танэ. **34.** Къуэбжьыбабэ. **35.** Нэ. **36.** Ер.

Къехьу: **1.** Лесев. **2.** Къэхъун. **3.** Мэсей. **4.** Журт. **6.** «Лъапсэ». **11.** Яжьэ. **12.** Гъуэз. **13.** Багъуэбаш. **15.** Хабаров. **16.** Бжьыдзэ. **17.** Шхуэ. **19.** Без. **23.** Япэ. **24.** Чий. **27.** Мирон. **28.** Курыбэ. **29.** Уэтэр. **31.** Анэл. **33.** Тебэ.

● ГъэщIэгъуэнщ

ИлъэсыщIэм теухуа хабзэхэр

Илъэсыщ1э махуэшхуэм епха хабзэ гъэщIэгъуэн куэд щыIэщ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми мыхьэнэ щхьэхуэ яIэу, хъыбар къадекIуэкIыу щытщ.

♦Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм Илъэсыщ1эр къыщрагъэжьэ зэманыр фIыуэ зэщхьэщокI. Апхуэдэу, Пасэрей Вавилоным ар къыщрагъэблагъэр гъатхэрт. Махуэшхуэм деж пщым и IупэфIэгъуэхэр и гъусэу къалэм дэкIырти, цIыхухэм хуиту, гушхуауэ я нэгу зрагъужьыр.

♦Микронезием Илъэсыщ1эр, хабзэ хъуауэ, щыIшылэм и 1-м кьыщыгъэхьэ. ХьитIыгум щыпсэу псоми а махуэм цIэщIэ фIащ икIи ар нэхъ я гъунэгъуэм щэхуу жраIэ. Дзыхь нэхъ зыхуащI я Iыхьлыхэр абдежьм бэрэбаным ину йоуэ, цIэр щыжаIэкIэ шейтIанхэм зэхрамыгъэхьну.

♦Италием Илъэсыщ1э жэщым щыГъыныжьхэр щхьэзгъубжэмкIэ къыщыдадз. Щыгъын нэхъыбэ хьфIадзэхукIэ, гъэ зытехьам къахуихьыну ехъулIэныгъэри нэхъ иныну къалъытэ.

♦«Ирония судьбы, или С легким паром!» фильм щIэрыIуэр илъэс 40-м щIигъуэу илъесым и иужьрей махуэм телевизорымкIэ къыщагъэлъагъуэ ди къэралым.

♦Тибетым Илъэсыщ1э махуэшхуэм хьэлывэ ящIри, уэрамым дэт цIыхухэм хуагуэш. Я хьэлывэр цIыху нэхъыбэм я Iуэхуэкlэ, гъащIэм мыльку нэхъыбэ къахэхьуэну къалъытэ.

ТХЪЭХУЩIНЭ Ланэ.

● Къуажэхьхэр

Зи щхьэр пхъэм телъ

Чы матэ унэ,
Унэ гъавалъэ.

Кlапсэу щыIэм я нэхъ кIыхь,
Ауэ зыми хуэмышыхь.

Зи лъэр пхъэм хэлъ,
Зи щхьэр пхъэм телъ.

Iэлъэныкъуэ шэмэдж,
Шэмэдж къазыдзэ.

Выгуи шыгуи щыземыкIуэ,
Унищэ зекIуапIэ.

Зэхэзылъхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

ЖЭУАПХЭР:
Ду. Гъуэгу. ГъущI Iунэ. Гъубжэ. ГъущI гъуэгу.

● Фи махуэшхуэ Iэнэм

Лы хьэжа зэрылъ мыIэрысэ гъэжьа

МыIэрысэ нэхъ быдэхэр кьыхах, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, якIэхэр кърач, я пэ цIыкIуэхэр бжэмышхIэ кьрагъэщэщри гъущэу ялъэщIыж. МыIэрысэкIыр здитам и деж сэ жан пIащIэкIэ и кур кьрагъэж. МыIэрысэкIым щыщу зы сантиметр нэблагъэ фэм къыкIэранэ. КунэщI хъуа мыIэрысэм лы хьэжар иралъхьэ.

Лы хьэжар зэрагъэхьэзырыр: былымыл гъэвар цIыкIу-цIыкIуу яупщIатэри лыхьэжьым щIагъэкI, абы бурш, шыгъу, бжьын упщIэта, пхъы гъэва халъхьэ. Прунж гъэва хэзылъхьи щыIэщ.

А псори фIыуэ зэIащIэри мыIэрысэм и кум из хъуху иралъхьэ, и щIыIум тхъуцIынэ тралъхьэ е шатэ тракIэ. Адэкlэ пщагъэ хэмылъу тхьэв япщ. Ар хъурейуэ, мм 3-4 и Iуварэуу яхури лы хьэжар щралъхьэнум кьрагъэжа щIыпIэм деж тралъхьэ, и щхьэфэм Гъуанитl-щы хуащI, бахъэр къикIын щхьэкIэ, арыншэмэ щыжьэкIэ мыIэрысэр къэчэнущ. МыIэрысэр «зэрагъэбыда» тхьэвыщхьэм шатэ щахуэ. Апхуэдэу ягъэхьэзыра мыIэрысэхэр зэбгурылъу тебэм иралъхьэри псы щIыIэ тIэкIу щIакIэ. Тебэр хьэкулъэм ирагъэувэри мыIэрысэм дыщафэ кьытеуэху дакъикьи 8-10-кIэ ягъажьэ.

Iэнэм тепщэч чэнжкIэ трагъэувэ, зы цIыхум хуэзэу мыIэрысищ-плIы илъу. ЩIакхъуэ щIыгъуу пщтыру яшх. МыIэрысэм и кум кърагъэжар мыIэрысэпс ящI хъунущ.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): зи кур кьигъэжа мыIэрысэу - 3, лы гъэва хьэжауэ - г 145-рэ, пхъы гъэвауэ - г 6, бжьынышхэ упщIэтауэ - г 6, тхъуцIынэу - г 20, тхьэву - г 30, шатэу - г 15, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьылъым кьитхыжащ.

● ГушыIэхэр

Дэнэ щищIэнур?

Къуэм тхыдэмкIэ «тIу» кьихьауэ къэкIуэжащ.

Анэр мэшхыдэ:

- Сыкlуэнщи, егъэджакIуэм зыхуэзгъэзэнщ! Дэнэ си къуэм щищIэнур илъэс щитI и пэкIэ къэхъуар?!

Жэуапхэм сащошынэ

Профессорым студентым жреIэ:

- Сыту ущэху, щIалэ, си упщIэхэм уащышынэу ара?

- Хьэуэ, жэуапхэм...

КъыщилъыхъуэкIэ - зыгуэр ещIэ

Студентым билетыр къищтэм, еплъым, игъэтIылъыжурэ, и ныкъуэм хэщыпыхьауэ, профессорым зачёткэр Iихри, «3» къыхуригъэуващ.

- Ар абы къилэжьа? - жиIэри къеупщIащ экзаменым и гуэсэу щIэсыр.

- Зыгуэр къыщилъыхъуэкIэ - зыгуэр ещIэ, - пидзыжащ профессорым.

Сыт ущIэгуфIэр?

Студентым экзамен итыну щIыхьащ.

- Хэт уи унэцIэр? - къеупщIащ профессорыр.

Студентым жиIащ и унэцIэр, хуабжьу пыгуфIыкIыурэ.

- Сыт апхуэдизу ущIэгуфIэр? - щIоупщIэ егъэджакIуэр.

- Уи япэ упщIэм хъарзынэу жэуап зэрестам сыщогуфIыкI, - жиIащ студентым.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленниным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхэущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.056
Заказ №1182